

NGATIONEI MWARI



Garai pasi. Ndine urombo kunge ndaita izvozvo, Hama Borders, asi panga pane nyaya yaida kukurumidzirwa kunze chaiko uko, anga ari kufa nekenza, uye ini ndanga ndichitofanirwa kusvika kwairi. Kungoti...Ndinoziva kuti muchandiregerera nekuda kwazvo. Saka, zvakanaka. Ndakavenga kunonoka. Ndanga ndakamirira zvisomanana, uye ndichisangana nedzimwe shamwari, uye zvadaro ndapinda munyaya iyi yanga ichangounzwa, yakapisisa, zvakanyanya, saka ndatozofanirwa kuenda kwairi nekukurumidza.

² Handitongozivi kuti ndotanga sei, masikati ano. Ndanga ndiri kufunga mumugwagwa neche kuno, “Ko ndingataurei ku—kuungano yevanhu yakadai?” Uyu wanga uri musangano wakatsaurwa kwandiri. Uye handisi kutaura izvozvo nekuti ndiri pamberi penyu. Ndiri kuzvitura nekuti zviri kubva pamwoyo pangu. Uye ndinoda kuti mumwe nemumwe wevashumiri ava azive kuti ndinotora uyu kuva mumwe wemisangano yangu mikurusa yandati ndambova nayo. Ndizvozvo chaizvo. Nekuda kwekubatirana pamwe kwenyu kwakanaka ndichu chinhu chaita kuti uve wakatsaukana kwazvo. Ndakaona nguva idzo apo pakanga pane... Ndakambova nevanodarika seungano, nevanodarika vakauya, asi handisati ndamboona musangano wandati ndambova nawo muhupenyu hwangu hune kuyanana kunotapira kunopfuura uko kwandakava nako ndiri pakati penyu imi hama. Mwari vakuropafadzei. Ndinovimba kuti machechi enyu achakura uye pamwe nekuwedzera kusvikira pasisina magamo kwazviri. Ndinonamata kuti Mwari vakuchengetei muri mushumiro kusvikira Vachiuya. Uyu ndiwo munamato wangu wakaperera wandinokuitirai. Uye nda—ndakanga ndiri kunyangwe pandaiva nevashumiri vakawanda tichishandira pamwe, sedzimwe nguva muAfrika, India, saizvozvo, apo pataiva nemazana akawanda mubhodhi. Asi hapasati pambova nenguva ingada, kuva yakafanana, kumashure kwangu, moyo mumwe chete nekubatirana muhumwe. Izvozvo zvakaivonakisa kwazvo. Ndinoyemura izvi, hama. Uye ini zvirokwazvo, chero chinhu chipi chandingakuitirei, ingorangarirai kuti ndiri hama yenyu. Husiku haungave nerima rakanyanyisa, mvura haizonayi zvakanyanyisa, munoona, ndichaita chero chinhu chipi chandinokwanisa kuti ndikubatsirei kuendesa mberi Evhangeri huru iyi yakakura kana kukuitirai chimwe chinhu. Mwari ngavave nemi nguva dzose!

³ Ndinoda kutaura zvekare, kune hama yangu duku pano, Roy Borders, ndaziva Hama Borders kwenguva pfupi. Ndakagara ndichida kuwana mumwe munhu anondirongera misangano. Hama Roy vanoita sekuti vakanyatsokwana panzvimbo ipapo.

Ivo havasi mushumiri. Ivo muzvinabhizimu. Ndakavatendera kuti varonge misangano miviri kana mitatu, kuti ndingoona kuti vaizoita zvakadini, uye izvi ndizvo zvakaburitswa: kubatirana muhumwe. Uye kazhinji kana mushumiri akauya kuzokurongera misangano, zvakanaka, pane mushumiri nguva dzose ane chimwewo chinhu, uye anenge ane dzidziso kana—kana chimwewo chinhu icho—icho chaanoda kuunza. Uye anopinda pakati peboka revashumiri ounza imwe dzidziso, zvadararo—zvadararo wava mudambudziko. Maona? Saka, zviri nani ave murume asiri mushumiri.

⁴ Gara zviya, ndichipinda, mumwe munhu andivhunza, akati, “Hama Branham, muri muJesus Only, muri weJesus Only here?”

⁵ Ini ndikati, “Zvirokwazvo kwete.”

⁶ Uye akati, “Mumwe munhu akati hamutendi mukutaura nendimi.”

⁷ Ini ndikati, “Havandizive zvakanakisa, ndizvo zvega. Zvirokwazvo, ndinodaro.”

⁸ Zvino, uye Hama Borders zvirokwazvo murume akanaka Mukristu, vakaita basa rakanaka kwazvo. Uye zvirokwazvo ndinotenda Hama Borders nekundikoka. Vakava nekusuwa kwakawanda, nematambudziko akawanda, asi ivo vaka—vakaita basa rakanaka. Mwari ngavaropafadze Hama Borders, ndiwo munamato wangu wakaperera.

⁹ Hama Wagner, ndinofunga kuti ndivo vakaita sasachigaro, ndinotenda. Ndivo vacho vandanga ndiri kusangana navo nguva dzose, wekomiti. Basa rinoshamisa kwazvo, sezvavakangoita imwe nguva, zvakanaka. Ivo vakandikoka kuenda kumba kuti ndinova navo, ndogara mumba mavo. Chokwadi ndakange ndichida kuita izvozviro zvakanyanya, ndakange ndoda kutonyatsa kuzvinzwa. Ndakatozozviramba nokuti ndakafunga kuti zvichida, nekuyanana kwakaisvonakisa uku, ndinoda kuuya kune imwe neimwe yedzimba dzenyu, munoono, ndinoda kuona mumwe nemumwe wenyu. Uye ndi—ndinoremekedza manzwiro enyu, uye ndine chokwadi chokuti Hama Wagner vakanzwisisa zvazvakange zvakangoita, muri kuona. Kutini . . . kana ndikaenda kweHama Wagner, ndinenge ndoda kuenda kune imwe neimwe yenyu saizvozviro. Kana ndikatadza kuita izvi, Hama Wagner, rimwe zuva kune rimwe divi, ikoko kune rimwe divi, ndinoda chiuru chemakore, chega—chega, nemumwe nemumwe wenyu. Saka tichava nenguva inoshamisa mhiri iKoko!

¹⁰ Hama Toy, zvirokwazvo ivo vari, vanongori . . . Handione kuti vanoita sei zvinhu zvakawanda panguva imwe chete, asi ivo zvirokwazvo vanogona kuva nezvinhu zvakawanda zvinenge zvaitwa. Ndakavaona rimwe zuva pakudya kwemangwanani kweve Business Men, kuti ivo vaitora sei chikamu chemuparidzi, mudhikoni, muchengeti wenzvimbo, nezvimwe zvakadararo

zvinenge zvauya, uye vaiedza kuzviita zvose. Vanoda Ishe. Ndakava nemukana wekusangana nemudzimai wavo, uye nekuona mwanasikana wavo akanaka kwazvo nemurume wake vachiimba. Zvirokwazvo izvozvo zvaifemera zvachose. Ndangoti kwavari, nguva shoma yapfuura, “Havafanirwe kunge vari pamba, vachiita basa remazuva ose. Vanofanirwa kunge vari kunze uko mumunda wekuvhangerana pane imwe nzvimbo, nezvipo zvakakura zvakaita saizvozvo.”

¹¹ Munoono, mumwe nemumwe ane, ndinovimba hapana wandiri kusiya. Mudzimai anoridza piyano, vaimbi, makwaya, nevose vakange varipo, zvirokwazvo ini ndinozvitenda nemwoyo wangu wose.

¹² Uye vakomana vari pano, Gene naLeo, vanoshuvira kuratidza manzwiwo avo kwamuriwo, zvekare, nekuda kwekutengwa kwematepi nemabhuku, uye chikamu chavanofanirwa kunge vachiona nezvacho. Ndangobva kusangana navo pamukova, nguva shoma yapfuura, uye ndikavaudza kuti ndichazivisa manzwiwo avo kunemi vanhu. Zvirokwazvo ivo vanoyemura zvinhu zvose zvakaita zvakanangana nekuvabatsira uye nekufamba kukuru kwaMwari.

¹³ Uye zvino izvi zviri kubva kwandiri, mwanakomana wangu, mudzimai wangu, nemuroora wangu, nevose. Vazhinji, mumwe munhu anga achitaura kuti, “Ndevapi Hanzvadzi Branham?” Ndiye musikana anonyara zvikurusa wandati ndamboona muhupenyu hwangu hwose. Oo, ini zvangu!

¹⁴ Hama Art Wilson, ndine chokwadi chokuti imi mose munovaziva. Ndinotenda kuti vaiva hama . . . Kwete, vaiva Hama Jewel Rose, humwe husiku, vakati, “Tichava neHanzvadzi Branham vauye kumusoro kuno kupuratifomu,” zvino mudzimai akaita sekunge moyo wake waizomira kurova. Iye akango . . . Iye anonyara kwazvo.

¹⁵ Mudiwa, kana usingazofenda, ungasimuka here zvisihoma, kuitira kuti mumwe munhu aone kuti uri musikana anotapira zvakanadzi wandakarooro. Zvakanaka. [Ungano inoombera—Mupepeti] Muroora wangu, mudzimai waBilly, Loyce, mungasimukawo here, Hanzvadzi, zvisihoma. Ndiye mudzimai waBilly, [Ungano inoombera] uye muroora wangu.

¹⁶ Vazhinji venyu makanzwa nezvaJoseph. Hamuna here? Vanhu vekuAfrika nguva shoma yapfuura vakamutumira jasi rine mavara akawanda. Ndakamuona makore matanhatu asati auya, apo chiremba pavakanga vati hataizombova nemumwe mwana, hataigona kuva naye. Vana vedu vaitouya nenzira yekuvhiiwa. Amai vangu, vanhu vekumudzimai wangu vakadaro, ivo, vana vavo vose ndeve kuvhiiwa. Uye Ishe vakandiudza kuti ndaizova nemwana uyu, apo chiremba akanga ati hazvaigoneka, akati hazvimbogona kuitika. Ini ndikati,

“Zvichaitika, zvakadaro.” Uye takamirira makore mana, shure kwekunge chiratidzo chauya chekuti ndaizova nemukomana, uye kuti ndaifanira “kudana zita rake kuti ‘Joseph.’”

17 Zvino, shure kwaizvozvo, kwakava nemumwe musikana akaberekwa. Vanhu vose vakandiseka, vakati, “Maireva ‘Josephine.’”

18 Ini ndikati, “Kwete. Ndakanga ndichireva ‘Joseph,’ semukomana.” Iye zvichida achatora nzvimbo yangu kana ndichinge ndaenda, kana Jesu akanonoka. Zvino mamwezve makore mana; zvino chiremba akange ava nechokwadi kuti hapaizove nemumwe; mamwezve makore mana, Joseph akabva asvika.

19 Hamheno, amai, kana muchikwanisa kumusimudza zvishoma. Ndinoda kuti vaone kuti...Mukomana uyu anotova nemweya wechiporofita paari. Uye iye...Simuka hako zvishoma, Joseph. Heunoi uyo. Zvakana. [Ungano inoombera—Mupepeti] Akafanana naamai vake, anonyara kwazvo.

20 Ndichakutaurirai zvakaitika. Takange tisipo...Ava nemakore mana okuberekwa zvino. Asi paaiva nematatu, takange tisipo. Zvino iye akati, “Baba?”

Zvino ini ndikati, “Hongu, mudiwa.”

21 Iye akati, “David...” Ndiye mukomana uya akanga akaremara, uye ndokubva apodzwa, mwanakomana waVaWood vanogara pedyo nesu. Akati, “Ndanga...ndakamuona aita tsaona ari pamudhudhudhu.” Iye haatombove nemudhudhudhu wacho. “Uye wakakuvadza gumbo rake, akabvarurirwa nguwo dzake kudivi rekurudyi.”

Ini ndikati, “Izvozvo zvakaitika kupi, mudiwa?”

22 Akati, “Zasi kwenzira kubva kwatinogara.” Uye kwapera mazuva matatu, mumwe mukomana akauya achibva kuKentucky, akatasva mudhudhudhu, uye David aidzika nenzira ndokukuvadzwa kudivi rekurudyi pamwe nekubvarurirwa nguwo dzake, sekuonekwa kwazvainge zvaitwa naJoseph.

23 Pandakamukumikidza kuna Ishe, mangwanani acho, paiva nevana vadiki vakawanda vaive vakamira, uye vaiva navana amai vavo vachitevedza artari. Pandakasimudza Joseph mumaoko angu, ndisingafunge pamusoro pezvandaitaura, ndakati, “Joseph, mwanakomana wangu, uri muporofita.” Ndiwo munamato wangu, zvisinei, uye ndinotenda kuti zvichadaro, kuti, Mwari vachatora zvinhu zvose zvaVakandipa, vozvipeta zvakapetwa kaviri, uye vozviisa pane mukomana iyeye, ipapo kana ndichinge ndaenda kuti agatora nzvimbo yangu.

²⁴ Billy agara ari shamwari yangu. Ndakamurera; amai vake vakafa paaingova nemwedzi gumi nemisere yekuberekwa; uye ndakava baba naamai, zvose, kwaari. Asi anotaridzika sekunge asina kudanwa zvekuva muparidzi. Anonyara kwazvo, anogara ari kumashure, nezvimwe zvakadaro, zvakanwanda sezvinongove amai vake, vanonyara. Asi akava rubatsiro rwakakura kwandiri mumusangano, nekuti ndakavimba naye, ndinomutora kuenda naye kunze uko ndomupa basa rine mungava mukuru. Munoono, basa riya rekupa makadhi ekunamatirwa ibasa rine mungava wakakura. Mumwe munhu akaritora uye akati...Mumwe murume imwe nguva akati, “Ndinokupa mazana mashanu emadhura kana ukaisa mudzimai wangu papuratifomu.” Ko dai izvozo zvaizoitika? Zvadaro ko Mweya Mutsvene waizodii? Billy anoziva zvakanaka kwazvo kuti arege kutombozvidza zvachose. Anoziva kuti ndinozovibata paanongosvika papuratifomu, saka, Ishe vanozoviratidza. Ndiko kusaka iye—iye asingambofa akazviita, saka zvadaro tose tinotenda zvikuru kwamuri.

²⁵ Uye zvadaro kumuchengeti wenzvimbo, murume akanaka uyo anotibatsira pagedhi apo, uye ndinofunga kuti akaita semuchengeti wepano, kana zvimwewo, kana kuti uyo anorinda pagedhi. Uye nekuvanhu vose vaita kuti tive neodhitoriyamu ino yakanaka, handigone kunyatsotaura kuti “mazvita” zvakanwanda. Zvirokwazvo ndinozvikoshesa, uye nevose nenzira ipi zvayo, nezvinhu zvose zvakanwanda.

²⁶ Zvino vandiudza kuti, Hama Borders, munguva yapfuura, kuti vatora mupiro werudo kuitira ini. Ndinotenda nokuda kwazvo, uye nemwoyo wangu wose. Ndichaishandisa, pakuziva kwangu kwose, kuitira Humambo hwaMwari. Zvino, hazviva zvinhu zvatinochengeta pano zvine basa, ndeizvo zvatinotumira mberi. Uye ndine chokwadi chekuti Mwari vachaisa izvozo pamugove wako muHumambo huchauya.

²⁷ Zvino, handina chirongwa cheparedhiyo. Handina chero chinhu chekutengesa. Asi kana mukazoda imwe yemahengechepfu aya kana chimwe chinhu chinoda kunamatirwa, ndinyorerei kuJeffersonville, Indiana, Post Office Box 325. Zvichashumirwa, dungamunhu, uye zvotumirwa zvekare kudzoka kwamuri. Uye ndinotenda mushumiro iyoyo. Uye zvadaro kana uchishuva kundifonera, BUTler 2-1519 inondiwana kuJeffersonville, Indiana. [Nhamba yerunhare yakashandurwa.—Mupepeti] Saka, kana kuti kana usingagone kufunga pamusoro payo, ingondivhunza paJeffersonville, vanofona. Zvino, handiite izvozo kuti ndiwane kero yenyu, nekuti ndine nguva yakaoma kuti ndiwane munhu anondipindirira tsamba, nezvimwe zvakadaro. Uye zvino handisi zvakananyanya...Zvose zvakanaka, ndinotenda mune zvirongwa izvi. Zvinhu zvose zvichabatsira Mwari, ngazvive sokudaro.

²⁸ Asi, munoziva, ndinonzwa seizvi, kuti nhengo yechechi, mungava wavo wekutanga ndiwo, pachegumi chavo nemipiro, kuitira kutsigira chechi yavo. Kana muri nhengo dzemachechi aya akanaka anomiririrwa pano, imi tsigirai chechi yenyu. Ndiro basa renyu rekutanga kuna Mwari. “Hunzai chegumi nemupiro yenyu muimba yekuchengetera.” Zvino imba yekuchengetera, chokwadi munoziva kuti inombove chii, ndimo mamunowana chekudya chenyu. Saka, ndimo mamunowana chekudya chenyu chepamweya, uye mungava wenyu uri kuchechi yenyu uye kwete zvachose kumuvhangeri akaita seni.

²⁹ Unotorwa pane imwe nguva mumisangano apo patinenge tine mbuserere seino, apo pamunoisa padivi zvishoma kuti mubatsire kuitsigira, iwoyo ndiwo unondichengeta. Uye ndinokutendai zvakanyanya. Uye nguva dzose, micheka yekunamatira kana chero chinhu chakadaro, zvinoitwa pachena zvachose. Hapana chimwe chinhu mazviri zvachose, hatimbo . . .

³⁰ Uye mabhuku edu, nezvimwe zvakadaro, patinozvitengesa, zviri . . . Isu tinofanirwa kuzvitenga, zvakaderera nezvikamu makumi mana kubva muzana pane mutengo watinozviwana nawo, uye zvadaro isu . . . ndizvo, mukudaro, unowana kukanganisika kwakawanda pazviri, uye unobhadhariswa mari yekuzvitakura pamusoro paizvozvo, zvadaro unofanira kuzvitakura kuuya pano ipapo wozvitengesa. Handiti, hawaikwanisa, hawaigona kudzosa mari yawashandisa pazviri dai waifanirwa kudaro, munoono. Asi tinozviita nekuti ndezvekungoti tiunze Mharidzo kwamuri, kuedza kukuitai kuti muwane kubatsirwa, pachenyu; uye zvadaro woudzawo mumwe munhu, uye wozvipfuudza mberi kwavari. Zvinhu izvi zviripo nekuda kwaizvozvo, handizvo here? VeChikomunisti vanopa mabhuku avo nezvekuverenga zvavo, pachena, nekuti ivo ihurumende yakakura. Ini ndinongova munhu mumwe chete. Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa, ndanga ndine mari zvokuti ndongoti “mabhuku ose nezvimwe zvole, zviri pachena,” ndaizviita. Asi handigone kuzviita, ndinofanira kuwana chimwe chinhu chekuti ndidzokere zvekare ndonodhinda mamwezve, kana kuti—kana kuti kutenga mamwezve.

³¹ Ishe vakuropafadzei. Uye muchandinatira, hamungadaro here? Uye pandinenge ndiri mhiri kwemakungwa, uye munzvimbo dziye dzine rima umo vanagodobori vanenge vakamira kumativi ose, vachikupikisa kuchinhu chose chaunotaura, nguva dzichinge dzakaoma, mhopo dzinopisa dzekutambudzwa dziri kuvhuvhuta, ndingakuissewo here pamutsara, kana kuti imi mondiisa pamutsara wenyu, uye ndinokwanisa kurangarira apo pandinozosangana nekupikiswa uku nevanagodobori nemadhimoni, nezvinhu kunze uko kumunda wekuvhangeri, ndinogona kutaura kuti, “San Jose iri kundinamatira”? Muchadaro, muchaita izvozvo here? Simudza ruoko rwako kana uchadaro, woti, “Ndichange

ndichikunamatirai.” Maita henyu. Maita henyu, hama dzangu. Maita henyu. Ndakauya pakati penyu, kuzova hama yenyu, pamwe nokuunza . . . kubatsira kuunza rugare pamwe naKristu, zvinhu zvose zvakanaka kwamuri. Imi mondinamatira. Kana pane chero hake wandasiya, ndiregerereiwo, handireve kudaro. Asi “ndatenda,” zvikuru kwabva pakadzika pemwoyo uye nemaropafadzo aMwari kune mumwe nemumwe wenyu.

³² Tava kubva tichienda kumba zvino, izvozvi. Ndine musangano ungaite wemazuva matatu uko muchechi yangu diki, ndichivadzidzisa rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kutaura nendimi, zviratidzo nezvishamiso zvichitevera vatendi, nezvimwe zvakadaro; kuitira vanhu vari munharaunda, imomo.

³³ Ndinotenda muzvipo zvose zvemweya. Ndinotenda muBhaibheri rose. Ndiri muPentekosti kubva pamusoro pemusoro wangu kusvika zasi kwetsoka dzangu, mukati, kunze, mativi ose, nemose. Ndiri muPentekosti! Hongu, changamire! Ivo vanoti, “Muri ‘muBaptisti,’ makataura kudaro.” Ndiri muBaptisti wechiPentekosti. Ndiri muBaptisti ane Ropafadzo rechiPentekosti. Saka ndiri . . . Ndinoda Ishe Jesu.

³⁴ Uye ndakange ndichiparidza . . . Ndakasangana nedzimwe shamwari dzinobva kuArkansas, panze, uye takanga tichitaura nezve Arkansas. Zvino kuLittle Rock, humwe husiku apo . . . Paiva neimwe hama yekare yechiNazarene yaiva nemadondoro, uye yakanga yatengesa penzura mumugwagwa, kwemakore. Uye hepano iri kunze mumugwagwa, zuva rakatevera, nemadondoro aya ekare, ichifamba kukwira nekudzika nemugwagwa, ichirumbidza Mwari. Husiku ihwohwo yaive . . . Robinson Memorial Auditorium, imi vanhu munobva munharaunda yeLittle Rock munoziva kwairi. Uye—uye akasimudza ruoko rwake, akati, “Mirai zvishoma, Hama Branham, ndinoda kukuhunzai chimwe chinhu.”

Ndikati, “Hongu, changamire, chinombova chii?”

³⁵ Zvino iye akati, “Munoziva, pandakakunzwai muchiparidza, ndaiva nechokwadi chekuti maiva muNazarene.” Nokuti, ndizvo zvaiva. Iye akati, “Ndaiva nechokwadi chekuti maiva muNazarene, nokuti munoparidza chaizvo semuNazarene.” Uye akati, “Zvadaro ndakakunzwai muchiti maiva nhengo, panguva iyoyo, yechechi yeBaptist.” Uye akati, “Ungano yenyu yose, potse, ndeyechiPentekosti.” Akati, “Handizvinzwisise izvozvo.”

³⁶ Ini ndikati, “Zvakanaka, zviri nyore. Ndiri muPentekosti muNazarene muBaptisti.” Saka ndizvo zvazviri. Chinhu chacho chose ndeichi: tiri vamwe, muna Kristu Jesu, takasungwa nezvisungiso zverudo rwaKe.

³⁷ Ngatinamatei zvino tisati tavhura Shoko, hatidi kukuchengetai nguva yakareba zvino zvekuti munenge mononoka kushumiro yekuchechi kwenyu nhasi manheru. Asi ngatikumbirei Mwari zvino kuti vaue vazotiropafadza,

zvakananyisa, kuwanda. Vangani vane chikumbiro zvino, simudzai maoko enyu uye moti, “Ishe Mwari, Imi ingondirangariraiwo, ndine—ndine zvandinoshaiwa nhasi?” Mwari vave nemi.

³⁸ Baba veKudenga, apo zvekare patiri kusvika muHupo hweNyu Hutsvene, tinonz-...kwete, uye, tinongonzwa sekubvisa shangu dzedu, asi tinoburitsa moyo wedu uye tongouisa pamberi peNyu, Baba. TinoKutendai nekuda kwezvese zvaMakaita mumbuserere huru ino. Tinocherechedza, Ishe, kuti hukuru hazvirevi kukura kwemanhamba. Hukuru Hupo hweNyu. Nokuti, zvakanyorwa maererano naMesia ari kuuya, kuti “nzvimbo dzose dzakakwirira dzaizoderedzwa, uye nzvimbo dzakaderera dzaizokwidziridzwa; mashizha aizoombera maoko awo, uye makomo aizochirika-chirika semakondohwe maduku.” Zvino munhu aizofunga mukufunga kwavo kwenjere, zvenguva huru iyo yaizovapo, kuti ngoro dzemoto dzaizouya kubva Kudenga, dzichiunza Mesia. Asi zvakaitika sei? Kumuparidzi wekare anotaridzika zvakakwasharara, achibva murenje reJudhea, asina kana kumbopfeka semushumiri; aine chibenga chedehwe chakamonerdzwa paari, seji—jira; vhudzi riri pese-pese paari, uye ndebvu dzake dzizere pachiso chake chose; achiparidza, kwete muchechi, asi pamahombekombe eJorodhani, achidanidzira, “Tendeukai, nekuti Humambo hweKudenga hwasweder!” Zasi nemumahombekombe ane madhaka, kwakauya tsoka dzaKaripenda wekuGarirea, dzakafamba dzichipinda mumvura, uye Mwari akazvicherechedza uye akazviremekedza kusvikira Akavhura Matenga uye vakaona Mweya Mutsvene uchiburuka senjiva paAri. Zvaiva zvinhu zvikuru. Izvo zvinonzi nemunhu “zvikuru,” dzimwe nguva hupenzi mumaziso eNyu, Ishe. Asi izvo zvinonzi nemunhu “hupenzi,” zvikuru mumaziso eNyu.

³⁹ Zvino tinofara chaizvo kuti chinhu chikuru chakaitika muSan Jose. Hepanoi pagere vashumiri avo vakagara pano, vamwe vavo ndeveAssemblies of God, vamwe vavo ndeveChurch of God, Independent, neUnited Pentecostals, nemhando dzose dzakasiyana-siyana. Uye hezvinoi pano ndakamira pakati pavo, ndisiri nhengo yechero sangano zvaro, asi ndiri kuedza kumira pamukaha, ndichitaura ndakamirira vose. Uye tiri vamwe, maMuri; mwoyo mumwe, kubatirana muhumwe, panzvimbo imwe. Inguva yakadii yekuti Mweya Mutsvene uvandudze chimwe chinhu! Zviitei, Ishe. Ivai nesu, Ishe. Ropafadzai sangano rose rakamiririrwa pano. Zviitei, Baba. Vashumiri vose ava vakanaka, dai machechi avo akura uye abudirira, Ishe. Dai varwere vakapodzwa, mapofu akaona, matsi dzinzwe, vatadzi vaponeswe uye vazadzwe neMweya Mutsvene. Dai pakava nerumutsiriro rwuchatungira nemunyika yose muno, urwo rwuchazunguza Mahombekombe eKumadokero ose.

Zviitei, Ishe. Dai pava nekubuda kweshungu dzakawanda pakati pehama dzangu, zvokuti havagone kuzorora; mumwe achatungidza mumwewo, uye chechi imwe neimwe ichaenda mberi sechinhu chimwe chete chikuru, vachiva nekuyanana mumwe nemumwe, vachimedura chingwa kubva kune imwe imba kuenda kune imwe, nehumwe hwemwoyo. Zviitei, Ishe. Tumirai rumutsiriro rwuya rwatakamirira.

⁴⁰ Ropafadzai ungoro, apo pavakamirira kupodzwa kwavo masikati ano, uye vazhinji kuitira ruponeso rwavo. Uye ndibatsireiwo, O Mwari, apo pandiri kuverenga kubva muMashoko eNyu anoyera. Dai Mweya Mutsvene watora izvo zviri zveNyu, Ishe, wozviunza kwemwoyo yedu. Uye zvadaro ndishandisei, Ishe, kuti ndipe mugove unogutsa weShoko reNyu kune mwoyo woga-woga wese une nzara. Ndinzweiwo, ndinonamata, Baba, muZita raJesu ndinozvikumbara. Amen.

⁴¹ Mumwe munhu angondipa kachinyorwa kadiki, uye ndokuti, “Hama Baxter, vekuCanada, vari kutumira rudo rwavo nekwasiso kwamuri, uye ivo vari muno mu California iye zvino, vari kuita musangano kuConcord.” Mwari varopafadze Hama yedu Baxter. George Patterson, muri pano here? George Patterson, muri mumusangano muno here? Kana murimo, torai rudo rwangu. . . Mwari vakuropafadzei, Hama Patterson; endai nerudo rwangu kuna Hama Baxter, murume akanaka. Uye chero ani zvake wenyu kana ari ikoko, kana muchida kunzwa mharidzo ichiparidzwa nemurume anoziva nzira yekuzviita nayo, endai munovanzwa, kana muri kumativi eikoko; zvirokwazvo muparidzi anoshamisa. Takange tiri pamwe chete kwemakore akawanda, kwazvo. Rudo rwangu haruna kumbobvira rwafa kune Hama Baxter; haruzombofa rwakadaro. Ivo vane chechi huru kwazvo muCanada. Havana kuzogona kuva neni zvekare, nekuda kwemutoro wechechi yavo.

⁴² Ndinoziva zvazviri. Kunyangwe Tabhanakeri yangu nhasi, zvokuti boka rangu rinobatsira nemari. . . Zvino, vanhu vanotumira zvipo zvemari kuboka irori, rine nhamba yehurumende inodzoka kwamuri, kukupai kuregererwa kwekubhadharwa kwemutero kubva pane zvose zvamunotumira kuboka irori. Iboka ri—risipo kuwana pundutso pazviri, rinonzi Branham Tabernacle. Uye ndinoziva, imomo, ivo vabati vehomwe vanoisa kumanikidzwa pandiri, “Ngativakei tabhanakeri huru, imi moramba muri pano uye moita kuti vanhu vauye kwamuri.” Izvozvo zvinoita sezvakanaka, asi handiko kuda kwaMwari kwandiri. Kune vamwe vanhu vasina mari yakakwana yekuti vauye kwandiri, ndinofanira kuenda kwavari. Maona? Saka ndi—ndinoziva zvazvinoreva kuva nekumanikidzwa kuchiiswa pauri.

⁴³ Uye Hama Baxter vakava nakwo kuchiiswa pavari, saka vakatosiya mbuserere vakaenda kucheche kwavo. Ishe varopafadze Hama yedu Baxter. Torai rudo neruremekedzo

rwangu muendese kwavari, dungamunhu, muchiitira ini, kana mungadaro, hama.

⁴⁴ Zvino ngativhurei muGwaro, kwemaminitsi angaita makumi maviri anotevera, kune rimwe reShoko, iro, Risingazombokundike. Uye vanhu vose vari pano, vari kurwara, nevanoshaiwa chero chipi zvacho, ingozvitenderai kuti mupinde chaimo muShoko. Ndanga ndiri kuzoparidza masikati ano pamusoro pokuti *Apo Chapungu Chozunza Dendere Racho*, asi, ndaona kuti, vakomana vakaiunza kuno ndokuitengesa pakati muvanhu, muchimiro chebhuku. Uye zvarado, nekuda kwekushoshoma zvisihoma pahuro pangu, ndatora chimwe chidzidzo. Uye ndinofunga zvino kuti ndakataura zvinhu zvose izvo zvandanga ndichifanira kutaura. Zvakana. Ngativhurei kuna Johane, Mutsvene Johane, chitsauko 14, pakuverenga kwedu Gwaro. Uye nyatsoteererai patiri kuverenga ndima sere dzekutanga dza Johane 14.

Moyo yenyu irege kumanikidzwa: munotenda munaMwari, motendawo mandiri.

Mumba maBaba vangu mune dzimba zhinji dzokugara: dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuudzai. Ndinoenda kundokugadzirirai pokugara.

Uye kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara, ndinozouyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapowo.

. . .kwandinoenda munokuziva, nenzira munoiziva.

Tomasi akati kwaari, Ishe, hatizivi kwacho kwamunoenda; uye nzira tingaiziva seiko?

Jesu akati kwaari, Ndini nzira, nezvokwadi, noupenyu: hapana munhu unouya kuna Baba, asi nokwandiri.

Dai makanga muchindiziva, mungadai maizivawo Baba vangu: uye kubva zvino munondiziva, uye makandiona.

Firipo akati kwaari, Ishe, tiratidzei Baba, uye zvigotiringana; nemamwe mashoko, zvinogutsa.

⁴⁵ Zvino ndizvo zvandiri kuda kutaura pamusoro pazvo, masikati ano. Kwagara kuri kuchema kwemwoyo wemunhu, kwe. . .kubvira patakava vanhu, tinoda kuona Mwari. Uye ndinoda kutora nzira dzingaita ina, masikati ano, kuti ndikuratidzei Mwari. Kutanga ndinoda kutora Mwari mune zvakasikwa zvaVo zvose, Mwari ari muShoko raKe, Mwari ari muMwanakomana waKe, Mwari ari muvanhu vaKe. Uye taigona kuzvitora nedzimwewo nzira dzakawanda. Asi ndinoda kutaura kubva pane zvidzidzo zvina izvozvo, nzira ina dzakasiyana idzo dzatichatarisa padziri, kuti tione kana tingagone kuona Mwari. Zvino, hapana munhu pano asi kuti unotoda kuti uMuone.

Haungadi kuona Mwari here? Ini ndingada kuMuona. Saka kana Iye ari Mwari, izvo zvatinoziva kuti ndizvo zvaAri, saka sei tichitadza kuMuona?

⁴⁶ Jobho pane imwe nguva akataura kuti, Bhuku rekare pane ose ari muBhaibheri, akataura chimwe chinhu seizvi, “Dai ndaingoziva kwaAnogara, ndaienda kunogogodza pagonhi raKe. Uye ndinoda kutaura naYe.” Uye akakwanisa kutaura naMwari. Mwari vakamutaurira kuti azvisunge muchiuno chake semurume, nokuti Vakanga vari kuzotaura naye. Zvino Vakaburuka vari muchamupupuri, vakataura naJobho.

⁴⁷ Zvinondirangaridza nezve...uko pedyo nepatinogara. Tinogara parwizi rweOhio. Zvino paiva nemukomana mudiki uyo akaenda kune imwe Sunday School, Sunday School yeBaptisti, munyika medu, uye iye akafadzwa zvakanyanya. Rimwe zuva apo paakavhunza amai vake, “Kana Munhu mukuru uyu anonzi Mwari, uyo watinoendera kuchechi kunonamata, kana Iye ari Munhu mukuru zvakadaro, handizive kana mukanditendera kuti ndiMuone? Ndinoda kuMuona.”

⁴⁸ “Oo,” amai vakati kune mukomana wavo mudiki, ivo vakati, “zvakanaka, mwanakomana, unofanira kuvhunza mudzidzisi wako weSunday School, amai havasi kukwanisa kukupa mhinduro iyoyo.”

⁴⁹ Saka kuSunday School akataura nemudzidzisi wake, uye iye akati, “Handigone kukupa iyoyo, neniwo, saka zviru nani uvhunze mufudzi.”

⁵⁰ Zvino shure kwemharidzo, vakavhunza mufudzi. Uye mufudzi akati, “Kwete, mwanakomana.” Akati, “Hapana munhu anogona kuona Mwari.” Akati, “Mwari akangofanana nemweya, uye haugone kuMuona.” Zvino, chaizvoizvo, izvozvo hazvina kugutsa mukomana mudiki.

⁵¹ Zvino aiwanzoshamwaridzana nemumwe mutana zasi kuOhio River. Uye iye aiva muredzi wehove chaiye wekare, ndebvu dzake dzakachena, uye aine makore angaita makumi matanhatu nemashanu, makore makumi manomwe okuberekwa, asina kuroora, achigara hake mukaigwa kadiki kakangosakara. Uye ndakamboredza naye, pachangu, uye taiwanzoenda kumusoro kune zvitsuwa tichinoredza, toteya zvirairo zvakawanda patambo imwe. Saka mukomana mudiki uyu aiva naye rimwe zuva, kumusoro kwerwizi. Uye munzira vachidzoka, kwakauya dutu uye vakatokurumidza kuenda kumahombekombe, kunoburitsa igwa duku iri, nokuti mafungu akange akakura zvinotyisa uye aine nhongonya chena, kusvika pokuti aizokudubura igwa diki iri. Saka shure kwekunge dutu rapera, uye vakauya vachibva kuseri kwemiti, vakasundira igwa diki kubva kumahombekombe, ndokupinda mukuyerera kwerwizi, apo pangaita maira imwe chete kuyambuka Rwizi

rweOhio. Vakatangana kudzika nerwizi, vachiyeredzwa havo, apo muredzi uyu wekare aidhonza zvimiti zvekutyaira nazvo igwa.

⁵² Uye pavakanga vari kuseri kwemuti, muredzi uyu wekare akanga ataurira mukomana mudiki nyaya (apo paakanga achimuvhunza) kuti sei akange asina kuroora, uye asina kana ani zvake aimuchengeta. Zvino iye ndokuti, “Oo, mukomana, pane mumwe Munhu anondichengeta. Uye chikonzero chekuti handina kuroora, mudzimai wangu ari Kudenga, akandimirira.” Uye ndokuenderera mberi nenyaya yacho.

⁵³ Uye apo paakange asvika mukuyerera kwerwizi, vakanga vachienda kumabvazuva neigwa diki...kana kuti vaienda kumadokero, waro, neigwa diki, uye muredzi uyu wekare akatarisa...kumashure kumusoro kwerwizi nechekumadokero, aive ari masikati, uye—uye zuva rakanga ronyura. Zvino, shure kwekunaya kwemvura, kwakauya muraraungu.

⁵⁴ Uye, oo, ndinofunga kuti iyoyo inguva yakanakisisa kwazvo! Apo mvura inonaya painenge yasuka tsvina yese kubva mumiti, uye—uye inotaridzika zvakanaka kwazvo, yakasvibirira, iri mumavara ayo epakutanga. Uye maruva ose anenge akanaka kwazvo nemamiriro ekunze akaderera, zvichiburitsa kunhuwira kweruva roerozi kunze. Inongori nguva yakanaka kwazvo, shure kwekunaya kwemvura.

⁵⁵ Ndinofunga neimwe nzira zvinondirangaridza, shure kwerumutsiriro, apo Mweya Mutsvene paunenge wauya wogeza guruva rose kunze, uye—uye wotiita kuti titapire zvekare pamberi paIshe. Kungomira muHupo hwa...sezvandiri masikati ano, ndichingoshamba pano muHupo hwaIshe Jesu. Mweya Mutsvene uchibvisa kupokana kwese nekutya pamwe nezvinhu kubva patiri, uye tomira pamwe chete, shure kwekunge mvu—mvura inonaya ichibva Kudenga yazadza mweya yedu.

⁵⁶ Apo muredzi uyu wekare paakatanga kudhonza igwa rake, muchinda mudiki uyu akacherechedza kuti misodzi yakatanga kudzika nepachiso chemuredzi uyu wekare. Zvino mukomana mudiki akatendeuka kuti aone izvo zvaave akatarisa, zvino ipapo paiva nemuraraungu waiva mudenga. Saka muchinda mudiki uyu aive akagara kumashure kweigwa, akatanga kunakidzwa. Saka akanga akabatirira padivi retambo, zvino ndokubva asimuka, akamhanyira kumashure kweigwa ndokuwira pasi pamakumbo emuredzi uyu wekare. Uye iye ndokuti, “Ndinoda kukuvhunzai chimwe chinhu icho amai vanga kunyangwe mudzidzisi weSunday School, kana mufudzi, vatadza kundipindurira.”

⁵⁷ Uye muredzi uye wekare akamira kutyaira kwake, akati, “Chinombove chii, mukomana?”

⁵⁸ Iye akati, “Ndakucherechedzai makatarisa pamuraraungu uyo.” Akati, “Vanondiudza kuti Mwari vakauisa ipapo.”

Iye akati, “Ichokwadi, mukomana wangu.”

Iye akati, “Kana Mwari ari mukuru zvakadaro, ko chero ani zvake anokwanisa kuMuona here?”

⁵⁹ Zvino muredzi uye wekare akambundira mukomana mudiki uyu pachipfuva chake, uye akati, “Maropafadzo pauri, mukomana wangu mudiki! Rega ndikuudze chimwe chinhu. Zvose zvandakaona kwemakore makumi mashanu apfuura aiva Mwari.”

⁶⁰ Maiva naMwari akawanda kwazvo mukati, kusvika iye akanga ava kukwanisa kumuona kunze. Zvino, ndiyo nzira yega yauchagona bedzi kukwanisa kuona Mwari, kuMuita kuti apinde mukati mako, woMurega kuti atarise kuburikidza nemeso ako, uye Anozozviratidza pachaKe.

⁶¹ Ndizvo chaizvo, Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose. Hapana ani zvake ane pfungwa dzake dzakakwana angafunge nezve... Enda zasi kuno kuLos Angeles, Mount Palomar, kumwewo kunhu, uye wotarisa ipapo, iyo mifananidzo yavakatora. Uye nzvimbo huru yekuongorora zvemuchadenga, kwekuti chinhambwe chekwakasvikwa nechiedza pachaifamba mumakore mamiriyoni zana nemakumi maviri, unokwanisa kukuona. Idimbure iyoyo kuiita mamaira, woona kuti unokwanisa kusvika kupi. Handiti, waizonyora mutsara wemanhamba yepfumbamwe achitendera guta rino, zvakadaro hawaigona kuchidambura kuita mamaira. Asi seri kwaiyoyo kuchine hurongwa hwenyeredzi, zvichingoenda zvakadaro! Uye apo munhu paanotarisa pane izvozvo, panongove nechinhu chimwe chete bedzi chaunogona kuita, kusimudza maoko ako mudenga uye, “Inga,” woimba, “Inga Muri mukuru! Inga Muri mukuru!” Imwe neimwe ichtenderera zvakakwana, kusvika pekuti vanokwanisa kukutaurira panoora zava nemwedzi, makore makumi maviri zvisati zvaitika, kusvika paminiti yacho chaipo. Zvakatarirwa nguva yazvo zvakanyatsokwana naMwari!

⁶² Uye ipapo kana ukangocherechedza muzvisikwa, kuti Mwari vanofamba sei pakati pezvakasikwa zvaVo zvese. Kuti nyika yakangorereka sei zvishoma, kuti zviunze mhengo inopisa neinotonhora pamwe chete, kuti zvigadzire mvura inonaya ichidiridzira zvirimwa zvenyu. Kuti Mwari vanorarama sei mune zvakasikwa zvaVo zvose! Munozvitenda here izvozvo? Chokwadi, Anodaro.

⁶³ Uye imwe nguva yapfuura ndakanga ndichitaura kune mumwe munhu, pamusoro penyaya yaMwari. Uye kwaiva zasi uko, muKentucky. Zvino iye ndokuti kwandiri... Iye aiva munhu asingatende muna Mwari. VaWood neni takanga taenda kunovhima tsindi, uye takaenda ikoko kunokumbira kana taikwanisa kuvhima munzvimbo yake. Zvino iye akati, “Oo, endererai henyu mberi,” akadaro.

64 Hama Wood vakati, “Ndini nemufudzi wangu—wangu, tinoda kuvhima.”

65 Iye akati, “Wood, haurevi kuti waderera zvakadaro zvekuti unofanira kutakura muparidzi kuti ave pamwe newe nguva dzose?”

66 Zvino iye akati, “Kwete, ava vanongova mufudzi wangu.” Akati, “Vanofarira kuvhima.” Uye akati ini . . .

67 Uye ndakange ndagara kunze mumusasa zvingada kuita masvondo maviri, ndiine ndebvu dzakareba zvingada kuita hafu yeinji; uye—uye ndine tsvina zvakanyanya sezvandaigona kuva, kubva pakurara pasi, ndiyo nzira yataigara nayo mumusasa. Ndakange ndiri kunze, ndichizorora. Uye ndiyo nzira yangu yekuzorora nayo, nokuti ndakawana Mwari muzvisikwa. Ndiri raiva Bhaibheri rangu rekutanga, aiva Mwari vari muzvisikwa zvaVo, mune zvakasikwa zvaVo zvese.

68 Zvino iye akati, “Zvakanaka,” akati, “zvakanaka ndinofungidzira, kuwadzana nevaparidzi.” Akati, “Asi, unoziva, ndine mafungiro angu pamusoro pezvinhu izvozvo.” Iye akati, “Handitendi mune chero mhando zvayo yechinamato.” Uye paiva nemumwe murume aiva akagara pamwe naye. Uye—uye takaenderera mberi, tichitaura nezvechinamato (ivo vakadaro) kwechinguva. Zvino ini ndakangomira ipapo, ndichidya apurosi randakanga ndanhonga kubva pasi.

69 Uye iye, mutana uyu aifanira kuva munhu asingatende muna Mwari zvachose, akati, “Ndakagara ndichinetseka. Ndinoda kusangana nemuparidzi mumwe chete.” Uye akati, “Ndeuyo akanga ari nechekuno kuActon, panguva iyoyo.” Akati, “Unoziva, imwe hanzvadzi yakura iri nechekuno pachikomo; handigone kudana zita rake iye zvino.” Akati, “Murume iyeye akanga akamira ipapo paMethodist Campgrounds,” akatsigirwa nemari nechechi yeMethodist. Zvinoshamisa, asi zvakaitika. Uye taiva nembuserere yekupodzwa.

70 Zvino, imi maMethodisti munofanira kuzvitenda izvozvo. John Wesley aitenda makuri. Zvirokwazvo, aidaro. Vavandudzi vose vekare vaitenda mukupodza kwaMwari.

71 “Uye,” iye akati, “ndimire mumusangano husiku ihwohwo, akataura nemunun’una wemudzimai akura uyu ari neche kuno. Zvekuti mudzimai wangu neni nemurume wake, zvose zvataigona kuita (ainge aparara zvakanyanya nekenza, vanachiremba vakanga vatomutadzirira, mavhiki ekumashure kwacho), uye kumuisa pamudziyo wekuzvibatsira ari pamubhedha mangwanani iwayo.” Akati, “Aiva mumamiriro akadarol!” Uye akati, “Munun’una wake akange ari mumusangano iwoyo. Zvino muparidzi uyu akadana zita remudzimai uyu, akamuudza kuti auye, ‘ozoisa hengechepfu pamudzimai uyu aiva nekenza,’ mukoma wake. Uye akazviita izvozvo, manheru iwayo. Uye mangwanani anotevera, akadya

hamu nemazai, akabika mapai emaapurosi akafuraiwa kuitira kudya kwemangwanani, akaidya.” Iye akati, “Ndinoda kusangana nemuparidzi iyeye rimwe zuva.” Ini ndakangomira ipapo.

Iye ndikati, “Ungaziva muparidzi iyeye here?”

⁷² Iye akati, “Kwete, handimuzive.” Zvino Hama Wood vakatarisa kwandiri, ndokuchonya ziso.

⁷³ Iye ini ndikati, “Munoreva here kunditaurira kuti hamutendi kuti kuna Mwari?”

Iye akati, “Handimbozozvitenda kunze kwekunge ndakwanisa kuzviona.”

Ndikati, “Ko muti uyo wemuapurosi wakura zvakadii?”

“Oo,” akati, “Ndakaudyara ipapo anenge makore makumi mana apfuura.”

⁷⁴ Ndikati, “Kunongove kutanga kwaGunyana, hatisati tava nemamiriro ekunze anotonhora kana chimwe chinhu. Ndiudzeiwo, changamire, chiiko ichi chinotaura, iNjere dziipi dzinotaura kumuti uyo uye dzichiita kuti muto wemumuti uende zasi mumidzi wozvivanza kuitira chando? Dururirai mvura pachigutswa kuti muone kana ikazviita, kana kuti isai pani yakazara pachiri, uye moona kana ikaenda pasi yonozvivanza mvuhu, ichinzvenga mamiriro ekunze anotonhora. Kana ukasadaro, mamiriro ekunze anotonhora anozouraya muti pakare ipapo. Asi dzimwe Njere dzinoita kuti muto umhanye uchidzika kupinda mvuhu, uchibva mumuti iwoyo, wouchengeta uchidziya; kubva mumashizha, anenge adonhera pasi, kubva mumuti. Uye pfumvudza inotevera, kunyangwe mamiriro ekunze asati atanga kuva pakati nepakati, hoyo muto wodzoka kumusoro, uchiunza pamwe nahwo hupenyu hutsva. Zvitsanangurei izvozvo kwandiri. Ndiudzei kuti chii chinozviita.”

Iye akati, “Handina kambofunga nezvazvo kumashure.”

⁷⁵ Ini ndikati, “NdiMwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvese. Mwari vanoita kuti zvinhu zvose zvive panguva yazvo chaiyo.”

Iye akati, “Unonzi ani?”

Ini ndikati, “Ndinonzi Hama Branham.”

⁷⁶ Iye akati, “Ndiye murume wacho, zita—zita remurume wacho aiva neche uko.”

Ndikati, “Ndizvozvo.”

⁷⁷ Iye akati, “Nendebvu dzose idzo, uye wakazara ropa retsindi, iwewe?”

Ndikati, “Zvinongova zvimwe chete, ndini, ndini munhu wacho.”

Iye akati, “Ko mudzimai uya wakamuziva sei?”

Ndikati, “Ndakanga ndisingamuzive.”

⁷⁸ “Ko wakaziva sei kuti aizopora?” Akati, “Achangopfuura nenzira pazasi apa, iye nemurume wake, nguva yadarika, vachifamba.”

Ini ndikati, “Ndakanga ndisingazvize.”

Akati, “Wakamupodza here?”

⁷⁹ Ini ndikati, “Kwete, changamire. Mwari vakazviratidza, Mwari vakamupodza, inyasha dzaKe dzinoshamisa!”

⁸⁰ Iye akange achidya apurosi, ndokubva ariruma. Akatendeutsa musoro wake, akati, “Munogona kuenda henyu mberi kunovhima tsindi.”

⁸¹ Ndakatarisa-tarisa, zvino misodzi yaiyerera ichidzika nepamatama ake. Ndakaisa ruoko rwangu paari ndakamumbundira, ndikati, “Hama, munoMutenda, hamudaro here?” Akagutsurira musoro wake *saizvo*, akatendeuka ndokufamba achienda kudanga. Oo, Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvese!

⁸² Imwe nguva yapfuura, mumwe asingatende zvachose muna Mwari akapfuura nemunyika, makore apfuura, makumi mana, makumi mashanu, makore makumi matanhatu apfuura, achiwana vanotendeuka. Oo, aiva akachenjera kwazvo nenjere dzake kusvikira vaparidzi vemazuva ano, tichitaura zvenjere, vaishaya pokubata naye. Uye akava nevanotendeuka kune zvekutenda kuti Mwari hakuna. Uye imwe nguva hutano hwake hwakaderera; akaenda kumusoro kuColorado, pedyo nepurazi remombe umo mandaichengeta mombe uye ndichishanda. Zvino aive ari pazororo seri ikoko. Murume wandinoziva, nababa vake, vakanga vagadzira nzi—nzira nemo, kuti azoisa musasa wake. Uye rimwe zuva akanga achifamba seri achienda kunze, ndokubva amira. Zvino ndokubva atarisa matombo, uye iye ndokuti, “Ko makambobva kupi? Ko makasvika ipapo sei?” Zvino mhengo dzakatanga kuvhuvhuta. Iye ndokuti, “Ko ndakange ndichikanganisa nguva yese iyi here? Kana kuna Mwari, regai Ataure neni!”

⁸³ Ipapo, murume uye asingatende kuti kuna Mwari uyo wekuti hapana vaparidzi kana kuti ani zvake aikwanisa—aikwanisa kumurambira kana kuti kumisidzana naye, waro, mumashoko ehuchenjeri hwake, asi ivo vaimutya. Asi Bhaibheri rakati, “Kana vakanyarara, pakarepo matombo achadanidzira.” Mwari vane nzira yekuita nayo zvinhu. Matombo akadanidzira! Ipapo pamabvi ake, nechiso chake chakatarisa pasi, akasarenda kuna Mwari mweya wake wekusatenda kuti kuna Mwari, ndokuva Mukristu anotapira, akazvinipisa. “Vakanyarara, zvisikwa zvichadanidzira.”

⁸⁴ Ini, ndiri muvhimi. Ndi—ndinofarira kuvhima, nokuti ikoko ndiko kwandakawana Mwari, kutanga, maiva mumasango.

Apo pekutanga pandaida kuti ndiMushumire, ndakanga ndisingazive manamatiro. Uye hatina kumbobvira takaenda kucheche; vanhu vokwedu, kumashure, vaiva...ini, vaiva maKatorike. Ivo vakanga vasina...MaIrish, pahunhu, mai nababa, vose vaviri; kusara kwasekuru vangu, vaiva muIndia. Uye zvararo ivo...Ndakanga ndisingazive manamatiro. Uye ndaida kuponeswa, zvino, munoziva zvandakaita kutanga? Ndakagara pasi ndikanyorera Mwari tsamba, ndikaMuudza kuti ndaiva nehurombo pane zvandakanga ndaita. Uye ndakanga ndiri kuzoenda uko kunze musango, munzira umo mandaigarova nemanzwiwo asinganzwisisike kwazvo apo pandinoenda kunzvimbo idzodzi, uye ndaienda kunoibairira pamuti kuitira kuti Azoiverenga apo paAizenge odarika nepo. Nokuti, ndaiziva kuti Aigara musango imomo pane imwe nzvimbo. Ndakange ndaona zvinhu zvakawandisa kwazvo zvichiitika; ndaiziva kuti Aigara pane imwe nzvimbo. Uye ndakafunga, “Iye, zvaari akasununguka kubva kuchivi zvacho, Aizova kunze munzvimbo iyo yakachena, uye uko kwaizonge kusina vanhu.” Aigona... Ndaigona kuMwana ikoko zviru nani kupfuura zvandaizoita ndiri pakati penzvimbo idzo dzinenge dzasvibiswa nevanhu. Ndakadzidza, Bhaibheri rangu rekutanga kubva muzvisikwa.

⁸⁵ Kana kuti, u—ukatora madhadha madiki aya. Anobva Kumawodzanyemba kuno, zvino obuda achienda, okwira kumusoro kusvika muCanada, uye ogadzira dendere rawo kumusoro ikoko mumatope. Zvino anokandira mazai awo, uye madhadha madiki anobva azvarwa. Uye, ipapo, imomo munenge muri mupfumvudza. Gore iroro, anoyaruka, zhizha rose anenge achingodya. Uye kana nguva dzechando dzichinge dzauya, nguva yekutanga apo panouya mhupo inotonhora ichivhuhuta ichidarika nemumakomo, umo munenge mune chando, yotsvaira ichidzika ichipfuura nemunyika ine mapani umo munenge mune madziva makuru, kana kuti zvikomo zvemujinga, uye mhupo iya yekutanga inotonhora ichingovhuhuta neipapo, iine chando mairi; pane imwe nzvimbo muboka iroro rakakura chaizvo remadhadha muchidziva ichi, panenge pane mutungamiriri mudiki, dhadha diki gono. Iro rinozomhanyira chaiko ikoko pakati pedziva iroro, romisa muromo waro mudiki iwoyo mudenga, rochema kanokwana kuita kana kana kuti kashanu, dhadha rose riri mudziva rinouya kwariri. Rinobva rasimuka kubva ipapo. Harina kumbobvira rakabva pachidziva ichocho; rakaberekwa ipapo mupfumvudza yacho. Rinozosimuka kubva pachidziva ipapo roenda rakanyatsonanga kuLouisiana sekuenda kwarinokwanisa kuita, kune iya minda yemupunga; pasina kambasi zvachose. Vanozvidana kuti “kufemerwa.”

⁸⁶ Ndakagara ndichifunga, kuti kana Mwari vakapa huchenjeri hwekuziva hwakakwana kune dhadha, hunonzi “kufemerwa,” kuti aritungamirire kubva padambudziko, ko Vanofanira kuita sei kune chechi yakaberekwa patsva, yakazara neMweya

Mutsvene? Ko Vanofanira kuita seiko? Harina kambasi, asi rakaberekwa riri mutungamiriri! Madhadha anoziva mutungamiriri wawo, asi chechi haizive. Mweya Mutsvene ndiye Mutungamiriri wedu, ndiYe Mudzidzisi wedu, Iye achatitungamirira muZvokwadi, muHupenyu. Madhadha anoziva wawo, asi zvinoratidzika sekunge dzimwe nguva hatina hungwaru hwakakwana sehwedhadha. Nekuti, rinofarira kuzvichengeta maererano neizvo zvarakapihwa, asi isu tinoedza kufungidzira chimwe chinhu chakasiyana. Ndiko kuva nyanjere, unobuda kubva mune zvakasikwa zvose zvaMwari zvikuru.

⁸⁷ Ndichakutaurirai zvamunogona kuita, vamwe venyu imi vanhu munobva kunyika dzinotonhora. Mukacherechedza hochi hadzi iye yekare ichienda ichibva kudivi rekuchamhembe kwechikomo, ichiunza zvose mashanga nezviguri uye younza kuseri kudivi rekumaodzanyemba kwechikomo, zvino yogadzira pekurarira payo. Uye manheru iwayo iwe woteerera nhau, uye nhau dzinobva dzati, “Mangwana, mamiriro ekunze achange akanaka kwazvo,” rega kuteerera kana zvisoma kune izvo zvaanotaura. Hochi hadzi iyoyo yekare inoziva zvakanwanda pamusoro pemamiriro ekunze pane zvaangazomboziva. Ndizvozvo chaizvo. Yakaenda kudivi rekumaodzanyemba uko kunezenge kuchidziya.

⁸⁸ Ukaenda kunovhima tsuro woona tsuro idzodzo dzakagara pasi zvikwenzi zviduku, *seizvi*, tarisirai mamiriro ekunze anotonhora! Uye kana uchinge wadziona dzichipinda mumunda wechibage, kunenge kwava kugadzirira kunaya.

⁸⁹ Ingotarisai Mwari, paAnofamba, oo, Anoshamisa zvakadini! Kana ukangozaura meso ako, unogona kuMuona kwose kwakakupoterredza. Iye ari mune zvakasikwa zvaKe zvose, kwese-kwese, achifamba. Mutarisei Ari mukunyura kwezuva. Mutarisei Ari mukubuda kwezuva. Mutarisei Ari mumuraraungu. Mutarisei Ari kwese-kwese. Unokwanisa kuMuona, haAsi kure kubva pauri kupfuura zviri ruoko rwako rwerudyi. Mwari ari mune zvakasikwa zvaKe zvose.

⁹⁰ Mamwe makore apfuura, ndakanga ndichivhima nhoro, kumusoro muColorado umo mandinogara ndichivhima kazhinji. Uye kumusoro mumakomo ikoko, maiva munguva yekutanga kwematsutso, uye chando chaine chisati chanyatsouya chiine hudzamu hwekudzanga nhoro kuti dzibve mune miti yakareba, dzichienda zasi mumupata. Saka Jeff neni, sapurazi remombe, takange tine...Ndakamubatsira kufudza mombe imomo kwemakore, uye ndichiri kuvabatsira pakudziunganidza. Zvino takange tatasva tichikwirako, kuti tinovhima, uye iye aizoenda kubva pandiri kwemazuva matatu kana mana. Akadzokera achikwira kumusoro nebazi rekumadokero reTroublesome River, uye ini ndaivhima ndiri kubazi redivi rekumabvazuva. Uye kana tichinge tawana nhoro, taidziturika mudenga, uye

toziva kwekuzounza mabhiza ekutakurisa, uye isu taingova pamabhiza edu ekutasva chete.

⁹¹ Zvino rimwe zuva ndaiva kumusoro chaiko, ndaenda kure kwazvo kubva pane bhiza rangu rekutasva, uye kumusoro kwakapoteredza kumagumo aro. Uye kumagumo kwemumatsutso, kunozonge, chinhu chekutanga munoziva, zuva rinenge richipenya, zvadaro kwobva kwanaya, zvadaro kunozochena, zvadaro kwobva kwozonaya chando. Uye, mamiriro ekunze anongoshanduka-shanduka. Uye ndakange ndichivhima, kumusoro. Kwakange kwakaoma kwazvo, zvino ndakanzwa ruzha rwekurova kwemheni; uye ndikatarisa, kuchiuva nepamusoro pemakomo, zvino mvura inonaya yakanga ichiuva. Saka, ndakangoenda kuseri kwemuti ndikamira imomo kwechinguva kusvikira dutu rapera. Mhepo dzaivhuvhuta pamwe nekutenderera, uye dzichipotera, ini ndakamira imomo seri kwemiti kusvikira yapera. Shure kwekunge yapera . . .

⁹² Ndakange ndakamira ipapo, ndichifunga nezvaMwari. Anongove makore mashoma apfuura, andakange ndichiva nembuserere idzodzi. Zvino ndakafunga, “Kuti Mwari mukuru zvakadini, uye kuti anoshamisa zvakadini!” Ndakati, “Ndinofanira kunge ndakaberekerwa nzvimbo ino, kunze musango, ndiri ndega-ndega, kure nevanhu nemhomho, nevanorwara pamwe nevanotambudzwa, nezvimwe zvose, nhare dzainge dzichirira, nemaamburenzi ainge achiuva.” Ndakafunga, “Zvinotapira pamwe nekuva nerunyararo zvakadini! Ishe, regai ndigare muno. Uye nda—ndakaberekerwa izvi, aya ndiwo masikirwo angu, kuno ndiko kwangu kwandinogara. Kuno ndiko kwaMunogara.” Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, kana ndikasaiwana mune ino iyi, ndichava nayo muMireniyamu, saka ndichangomirira nguva iyoyo.”

⁹³ Uye dutu parakapera, ndakaita sekufamba ndichibuda kuseri kwemuti. Uye, nechekumashure chaiko uko parutivi pegomo, ndakanzwa bhuru renhoro riye rekare richitanga ku—kukuma. Uye rakanga richishevedza dzimwe dzaro dzose; dzakanga dzapararira, panguva yedutu. Uye yakatanga kushevedza hadzi yayo. Ipapo sezvakataurwa naDhavhidhi muMagwaro, “Kana pakadzika pachidana Pakadzika”! Kana pane pakadzika, pachidana, panofanira kuve nePakadzika panodavira pakuri, pane imwe nzvimbo.

⁹⁴ Uye zvadaro hunhu ihwohwo hwakatanga kusimuka mandiri. “Heino nzvimbo yekuti ndigare. Oo, ndiwo mumhanzi!” Seri kumashure chaiko neche kuno, mhumhi yekare pfumbu yakarira, uye hadzi yayo ndokuipindura, zazi-zasi. Oo, ini zvangu! Ndipo apo pakadzika panonyatsodana Pakadzika; kunzwa kudana kuye kwemusango kwemhumhi, dzimwe mhuka dzemusango dzichiita ruzha, shiri dzichirira. Kwandiri, ndiMwari! Ndinogona kuMunzwa pakati pezvipuka zvaKe nemhuka dzaKe.

⁹⁵ Mhepo ichivhuvhuta, zvakaitika kuti ndakatarisa neche kumashure kuno uko kwa...kwaivhuvhuta, kuchitonhora zvakanyanya zvekugwambisa mvura yainge iri pamiti inogara yakasvibira. Zuva rakabuda, neche uko kumadokero, *zvakadayi*, uye richiita sekunge ziso raitarisa kuburikidza nemo, sekunge Mwari, vaiva mukunyura kwezuya. Uye ndakacherechedza kuti zvakakonzera muraraungu kutandika nepakati pemupata. Zvino ndakatanga kufunga, “Hoyo Uyo ari mumuraraungu. Hoyo Uyo ari mhiri uko, mukudana kwenhoro iya. Hoyo Uyo neche uko mumhumhi, achidana. Heuno Ari mumiti. Ndiri kunzwa inzwi raKe richizevezera. Hoyo Uyo umo mumuraraungu.”

⁹⁶ Nokuti, “Iye aizotaridzika sedombo reJaspisi neSardio, aine muraraungu pamusoro pemusoro waKe; Arfa, Omega, wokutanga newekuguma; Iye akanga Aripo, Uyo Aripo, neUyo Achazouya; Mudzi neBukira raDhavhidhi.” Uye aine muraraungu, mavara manomwe, kukwaniswa. Mwari vanokwaniswa muzvinomwe. Uye hapo paAiva zvekare semuraraungu, sesungano.

⁹⁷ Kwese-kwese kwaunotarisa, unokwanisa kuona Mwari, kana ukangotarisa muzvisikwa zvaKe. Uye paya ndanyatsozadzwa...Ndichakutaurirai chimwe chinhu, ipapo munozoziva kuti ndiri—ndiri muBaptisti chaiye. Pandakanga ndakatarisa kune izvozvo, ndakazadzwa kwazvo neMweya Mutsvene kusvikira ndaisa pfuti yangu yakazembera pamuti ndikamhanya ndichitenderera muti zvakasimba sokukwanisa kwangu, ndichikavira imwe tsoka mudenga, uye ndichidanidzira nenzwi rangu rose, ndichidanidzira, “Hareruya! Hareruya! Hareruya! Hareruya,” ndichingotenderera, tenderera, tenderera, tenderera, kudzamara ndapotsa ndawira pasi; zvadaro ndokumira ndikagwinhira maoko angu mudenga nepasi, uye ipapo ndichidanidzira, “Kubwinya! Kubwinya! Kubwinya! Kubwinya! Kubwinya! Hareruya! Hareruya! Hareruya! Hareruya,” zvakangosimba nepose pandaigona kumhanya napo. Hapana chandaigona kufunga kuti nditaure. Mwoyo wangu wakanga uchipfachukira nemufaro.

⁹⁸ Chaiva chii ichocho? Pakadzika pachidanira kune Pakadzika! Ndakanzwa Mwari kunze uko nenzira iyo zvichida yamusingagone kuMunzwa nayo. Asi, kwandiri, Iye aiva mune zvakasikwa zvaKe zvose, achipindura, “Ndini Mwari wezvisikwa. Ndakagadzira zvinhu zvose neruoko rwaNgu Ndomene.”

⁹⁹ Hongu, dai mumwe munhu akauya musango, vaizofunga kuti vaive nemupengo uri musango. Ndaienda ndichitenderera, tenderera, tenderera, tenderera, ndichitentenderera muti iwoyo, ndichingozviwanira nguva yakanaka kwazvo! Ndakanga ndisiri... chero munhu, ndakange ndisina hany'a yekuti vanzwa here, kana kuti kwete. Ndakanga ndiri mamaira makumi

mashanu, mamaira makumi matatu, zvakadaro, kubva kune munhu upi zvake, sepakuziva kwose kwandaiita. Asi ndakaenda ndichitenderera nekutenderera muti, ndichidanidzira.

¹⁰⁰ Nokuti chii? Ndakanga ndiri muchechi huru yaMwari. Ndaikwanisa kuMuona kwese-kwese, zuva, mirazvo ichiuya nemumiti, muraraungu uri uko, mhumhi ichirira, nhoru ichikuma. Ndaikwanisa kuMunzwa mumhepo. Oo, ini zvangu, Ari kwese-kwese! Kumusoro-soro chaiko uko, waikwanisa kuona apo chando chakanga chakafukidza nhongonya dzemakomo, uye mimvuri yawo ichiperera zasi mune miti inogara yakasvibira. Oo, ingotarisa chero kupi hako, uchaMuona. Ari mune zvakasikwa zvaKe zvose. Munozvitenda here? Ndakamira ipapo kwechinguva.

¹⁰¹ Zvino mushure mechinguva ndakanzwa chimwe chinhu chichiti, “Chata, chata, chata, chata! Chata, chata, chata!”

Ndakafunga kuiti, “Chii ichocho?”

¹⁰² Ndakatarisa-tarisa. Paiva nemuti wekare wakange wawisirwa pasi ipapo apo du—dutu rakatanga rakanga rawisira mimwe miti, zvino paiva netsindi diki yemumuti wemupaini. Handzive kuti munoziva zvadzakaita here, kana kwete. Vangani vanoziva kuti tsindi yemumuti wemupaini yakaita sei? Ndiye muchinda mudiki anoita ruzha rwakanyanyisa kwazvo ari munyika. Uye iyo yakasvetuka ichikwira pamusoro pechigutswa chiye chekare chaiva ipapo. Uye iyo yaingoita sekunge yakanga yoda...yaizondibvarura-bvarura kuita zvidimbu, ichingoti, “Chat, chata, chata chata!” Yakanga ichisvetuka ichikwira nekudzika, ichingozunza kwese-kwese, zvakasimba nepose payaigona napo. Oo, yakanga iri kuzondidimura.

¹⁰³ Zvakanaka, ndakafunga, “Muchinda mudiki, hapana chikonzero chekuti unge usina kugadzikana zvakadaro. Hapana zvauri kuzoita. Uye ini, ko ini, chii, ndambokuvhundutsa here?” Ndakafunga, “Zvakanaka, haufanire kuvhundutswa nekuda kwaizvozvo. Ndanga ndichingorumbidza Mwari chete uyo akatisika tiri vaviri.” Maona? “Hapana chikonzero chekuti iwe unetseke. Ndanga ndichiMurumbidza, saka rega kushaya kugadzikana zvakadaro. Zvakanaka, ndanga ndichingorumbidza Mwari, wanga uchifanira kuziva zviri nani pane kuita ruzha kwandiri saizvozvo. Usandikanganise kana ndichidanidzira saizvozvo, nekuti ndiri kuva nenguva yakanaka. Ndisiye ndakadaro.” Maona?

¹⁰⁴ Uye saka zvakaitika kuti ndakacherechedza kuti kamuchinda kadiki aka kaitendeudzira musoro wako neche kumativi, uye kachitarisa pasi mumiti midiki iya. Saka, ndakazoonza kuti yakanga isiri kuita ruzha kwandiri. Kubva mumiti midiki iyi, kuburikidza nemudutu, maiva nechapungu chaive chakakura chakanga chamanikidzirwa kumhara pasi. Uye chakaroverwa pasi chichipekedzerwa imomo, chakanga

chaendeswa nemhepo pasi mumiti yaive yawisirwa pasi. Zvino muchinda mukuru uyu, ndizvo zvaiita kuti tsindi duku iyi yemumuti wemupaini inge isisina kugadzikana. Zvino chakasvetukira mudenga ndokuenda padavi.

¹⁰⁵ Ndakafunga, “Zvinoka, mira pano zvishoma, pane chimwe chinhu pane imwe nzvimbo. Nokuti, ndakanga ndichinamata Mwari, ndichimhanya ndichitenderera nekutenderera muti uyu ipapo. Uye ndinoMuona mune zvinhu zvaKe izvi zvose zvakasiyana-siyana, uye muzvisikwa izvi. Zvino, ko Azondimisa sei nekuda kwechinhu chakadaro?” Zvino, paiva nechapungu chekare. Ndinoyemura chapungu. Asi ndakachitarisa, uye ndikafunga kuti, “Saka, chii... Ko ndingaona Mwari machiri here? Zvino chingava chii?”

¹⁰⁶ Ndakachitarisa. Meso acho mahombe, ari makuru mapfumbu pakutaridzika, zvino chakamira ipapo padavi iroto, chakanditarisa. Zvino chakatarisa kune tsindi iyi, ndokutarisa zvekare kwandiri; ndokutarisa kune tsindi, chikatarisa. Ndikati, “Ndinofunga uri kunyatsotitarisa.” Saka ndakafunga, “Unomboziva chii? Ndinokwanisa kukupfura, dai ndanga ndichida kudaro.” Uye ndakatarisa kwachiri. Zvino pfuti yangu yaiva yakagara yakatsamira muti. Ndikati, “Unoziva here kuti ndaikwanisa kukupfura dai ndanga ndichida kudaro?” Hachina kana kumboita hanyi’ a zvayo kwazviri izvozvo, chakangogara ipapo.

¹⁰⁷ Ndakafunga, “Oo, izvi ndizvo Mwari zvavanoda kuti ndione, ‘Usatya.’” Chapungu icho chakashinga, hapana zvachinotywa. Hachinyare kutaurira mukuru wekubasa kuti chakapodzwa nekupodza kwaMwari. Hazvizombochinetsi. Chaka—chakasimba. Hachizomboty kupupura kana chichinge chagamuchira Mweya Mutsvene. Kana Iwo wakanga uri wacho, chokwadi icho chaizopupura nezvaWo; nekuti chakashinga, hapana chekunyara nacho kwachiri.

¹⁰⁸ “Zvakanaka,” ndakafunga, “ko wakashinga zvakadaro nekuda kwei? Chii chinokushingisa?” Ndakatanga kucherechedza zvino, chairamba chichinzwa kune mapapiro acho. Munoziva kuti zvinofambisa sei minhenga yazvo kuenda mberi neshure, munoziva, zvozvava mapapiro azvo. Ndakafunga, “Oo, ndaona. Uh-huh. Mwari vakakupa mapapiro maviri. Uye unoziva zvakanaka kwazvo kuti unokwanisa kutora mapapiro aya maviri makuru zvino wonopinda mumiti iyo ndisati ndambokwanisa kusvika papfuti iyo.” Chaiva neruvimbo mune izvo...Mwari vakachipa mapapiro iwayo, uye icho chaiziva kuti iwo mapapiro aizochiitirei.

¹⁰⁹ Zvakasiyana zvakanaka sei nemunhu! Mwari vakatipa Mweya Mutsvene, uye nazvino hatizive izvo zvaUnozotiitira. Ndizvozvo chaizvo! Hazvina muganhu, izvo zvaUnozoita. “Chero zvinhu zvipi hazvo zvamunoshuva, kana muchinge

manamata, tendai kuti munozviwana, uye muchazova nazvo.” Chapungu ichochi chaikwanisa kuvimba nemapapiro acho achakapihwa naMwari. Munoziva nokuti sei? Ndinofunga kuti, nguva dzakawanda, chapungu chakanga chamboaedza. Chaiziva zvachaitaura nezvazvo. Uye isu tine Mweya Mutsvene asi hatisati tamboUyedza. Ndipo pazvinongova. Munoono, kana tikangotendera masikirwo atakaitwa kuti ashande matiri sezvinoitwa nemhuka! Chokwadi, chinoziva pekubatirira, uye nepasingaite.

¹¹⁰ Saka icho—icho chaiziva chinchambwe kubva pandaiva ndakamira, kubva pane pfuti yangu, zvokuti chaizonge chava mumiti iyoyo uye handaizombochiona zvachose, saka chakaramba chichifambisa mapapiro makuru aya. Uye ndakachitarisa, ndikati, “Mukomana wekare, handizombofi ndakakupfura. Ndinodada newe kwazvo!” Ndinofarira kuona chimwe chinhu chine hushingi machiri, chimwe chinhu chinozosimuka apo pavanenge vachiziva zvavari kuita. Hamufarire kuona izvozvo here?

¹¹¹ Ndicho chikonzero ndichifarira chechi yePentekosti. Havana hanyn’a nokuti nyika inoti kudii, ichivati “vaumburuki vatsvene,” nezvimwe zvese, vanonyatsomira vodanidzira saizvozvo, vachirumbidza Ishe, voenderera mberi zvakadaro. Ndinozvifarira izvozvo. Zvirokwazvo, kunyatsomira kwazviri. Hazviite kana mutsauko kuti anombova ani, woramba uripo ipapo uchipa chapupu chako, wopa Mwari kurumbidzwa.

¹¹² Ndakatarisa chapungu chekare ichi apo pachakanga chichifamba-famba ipapo, munoziva, zvisomanani. Zvino zvakaitika sokuti ndakacherechedza, kuti chakanga chisiri kutarisa ini zvakanyanya, chakange chave kuneta nekuteerera kutsindi iya yakanga ichichituka, “Chata, chata, chata! Chata, chata, chata!” Aa, chakangotarisa kwairi. Uye shure kwechinguva chakangofinhikana nekuda kwayo, saka, chinhu choga chachakangoita kwaingova kusvetuka kukuru saizvozvo, ndokufambisa mapapiro acho chichibhururuka kanenge kaviri, zvino chakanga chava pamusoro pemitu. Zvadaro hachina kuzofambisa mapapiro kamwe zvekare, chakangoteya mapapiro acho akatambanuka. Uye nguva yose apo mhengo yaikwira, icho chaibva chakwira nayo. Zvino ndakamira ipapo ndakachitarisa. Sezvo nguva yose apo mhengo yaimhanya ichipinda, icho chaikwira zvishoma; hachina kumbofambisa kana munhenga, chaingokwira, chichikwira, chichikwira, chichikwira, kusvikira chava kanhu kadiki kwazvo.

¹¹³ Ndakamira ipapo, misodzi ikatanga kumhanya ichidzika pamatama angu. Ndakati, “O Mwari, ino inzvimbo huru yekuva pairi. Pano ndipo pandinoda kunge ndiri. Hepanoi paMuri muchapungu icho.”

¹¹⁴ Munoono, chakangosvetuka zvakakura kamwe chete, uye chaivimba nemapapiro acho. Chakanga chisingabhururuke kubva pane mumwe musangano chichienda pane mumwe, uye nokubva pane imwe chechi chichienda pane imwe. Chakangofambisa mapapiro acho zvakakura kamwe chete, ndokuteya mapapiro acho akazaruka muSimba raMwari, chikatendera Mweya Mutsvene, uye ukachitakura kuenda nacho, chichienda nekuenda, uye chichienda nekuenda. Chakabva pane tsindi diki dziye dzekare dzezano pasi, dzinogara dziri pano pasi; hadzina mapapiro, uye hadzigone kubhururuka. “Chata, chata! Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro chakaita seMweya Mutsvene, ndewe rimwewo zuva rakapfuura.” Oo, chingoteya mapapiro ako muSimba raMwari, rega Mweya ukusimudze pamusoro pazvo, uchienda mberi uchingoenda uchingoenda. Chakanga chisimatombonzwi zvachose tsindi, tsindi yepasi, kana chero zvamungada kuidana. Ndokuneta neiya “chata, chata.” Oo, dai chechi, rimwe remazuva ano, ichaneta nazvo, uye ivo vachaziva kuti vanoazarura sei mapapiro avo; uye ivo vachazofamba pamwe chete naMwari, voenda Kumusha, vachibva mazviri. “Mazuva ezvishamiso akapfuura”? Nditaure kuti riinhi. Vakatononoka pavakauya kuti vatitaure izvozvo, havana kudaro here? “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuna chinhu chakadaro chakaita seMweya Mutsvene. Kutaura nendimi kunogova kutenda kwekabanga,” ndizvo zvose zvavanziva pamusoro pazvo. Saka, chinhu chekuita kungoazarura mapapiro ako.

¹¹⁵ Hachina kubhururuka, zvino, kubva pane imwe nzvimbo kuenda pane imwe. “Ndichaenda uko uye ndoona kana *ichi*, uye ndichaenda uko ndoona kana *icho*.” Chaingoziwa kuti chinozarura mapapiro acho sei. Uye ndizvo zvoga zvaunofanira kuziva kuti unoita sei neKupodza kwaMwari, pamusoro peMweya Mutsvene, kungoziva kuti unotambanudza sei kutenda kwako musimba uye nemuvimbiso dzaMwari. Uchakutakura kuenda kumusoro. Unongoenda uchikwira mudenga. Nguva yose apo paunovhuvhuta uchipinda, tinowedzera kukwira mudenga uye mudenga, uye tichikwira mudenga nemudenga; kusvikira usisakwanise kunzwa izvi pano, “Chata, chata, chata! Mazuva ezvishamiso akapfuura. Boka revaumburuki vatsvене.” Iwe hauzomboteerera kana chii zvacho kwazviri. Iwe unenge wava kure navo zvakanyanya kusvikira pekuti unenge wava pachinhambwe chekuti hauchakwanisa kuvanzwa. Mweya wako unenge wasimudzirwa munzvimbo yokuti . . .

¹¹⁶ Oo, chokwadi, Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose. Munozvitenda izvozvo, hamudaro here? Oo, taigona kupedza maawa akawanda tichingova pane chinhu chimwe chete ichocho. Tinofanira kuti tisvetukire pane chimwe. Munotenda kuti Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose here? Zvino, chinotevera, Mwari vari muShoko raVo. Zvino iwe ukatarisa

mune zvakasikwa zvose zvino unozoona Mwari. Zvirokwazvo, uchadaro. Zvino Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose.

117 Zvino, Mwari vari muShoko raVo. Mwari vanochogeta Shoko raVo. Ndzivo zvinoita kuti Bhaibheri rive remazvirokwazvo. Ndiro ratinogona kupikisa naro chero asingatende kuti kuna Mwari, chero asingatende, chero muMohamedhi, chero muBudha, chero godobori, chero wezvemweya, kana chipi zvacho, nemuZita raIshe Jesu, uye toita kuti Shoko iri rirarame, nekuti Mwari vari muShoko raVo.

118 Ndakange ndichikurukura, rimwe zuva, ne—neimwe chechi yemasangano inotenda kuti—kuti chechi ndiyo mhinduro, kwete Shoko. Ivo vakati ndivo vakanyora Bhaibheri. Bhaibheri raiva . . . raiva nhoroondo yechechi yavo. Uye iye akati, “Mwari vari muChechi yaVo.”

Ini ndikati, “Bhaibheri rakati, ‘Mwari vari muShoko raVo.’”

119 “Pakutanga kwakange kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakazoitwa nyama rikagara pakati pedu.” Ndzivozvo chaizvo. Iye aiva Shoko raMwari, Shoko raMwari rakataurwa. Uye Mwari vari muShoko raVo. Vimbiso yose inoitwa naMwari, Vanomira nevimbiso yaVo. Chinhu chega chatinofanira kuita, ndechekuti, titore Shoko raVo toriisa mumwoyo yedu, uye torega kuRipokana, asi totenda, zvadaro Mwari vanoita kuti Shoko iroro (rinova iVo pachavo vari mauri) ripinde pabasa uye rigozadzisa chinhu ichocho chaVakavimbisa.

120 Ko Akazviita muna Abrahamama here? Handiti, Abrahamama, pamurume aiva nemakore makumi matanhatu nemashanu ekuberekwa, kana kuti, asati atombori, kana kuti, makore makumi manomwe nemashanu ekuberekwa, asati agamuchira vimbiso. Uye akatora Shoko iroro akariisa mumwoyo make akaRichengeta imomo kwemakore makumi maviri nemashanu. Asi rakaburitsa chaizvo izvo zvakanga zviri vimbiso. Ndizvozvvo here?

121 Mwari vari muShoko raVo. Tose tinozviziva izvozvvo. Hapana kana kachidimbu keBhaibheri parinozvikipisa pachaRo. Ndakati ndichapa munhu upi zvake chero chinhu chipi chaanoda; ndichaparidza Vhangeri ndotora mipiro yerudo kwegore rimwe chete, zvino ndoipa, yose, kune munhu anokwanisa kutora Shoko raMwari oRipikisa neShoko raMwari, kwandiri. Ndzivozvo chaizvo. Hazvimo. Uye ndakava nekupikisa uku kwemakore nemakore; ndichiri kungatora mipiro yangu yerudo. Nokuti, hazvimo. Unokwanisa kunge wakavhiringika mune zvenjere zvako, nokuti Bhaibheri riri . . . Jesu akatenda Baba vaKe nekuda “kwekuRivanza kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye vachiRizarura kune vacheche avo vanokwanisa kudzidza.” Munoono, Iro iShoko raMwari.

Shoko rakafanana neMbeu.

¹²² Zvino, ukatora mbeu. Imi vanhu kuno kuMahombekombe eKumadokero, muri vakuru vezvekurima. Zvino, mukatora muti wenyu wemuranjisi. Zvino, mukatora muti wenyu wemuranjisi, pamunouwana kekutanga, unenge uri mbeu. Imi mukayiisa muvhu, zvino mbeu iyoyo inozobereka muti wemuranjisi. Chokwadi. Zvino, ndiwo mamiriro azvakaita. Zvino, muti uyu wemuranjisi, chinhu choga chaunokwanisa kuita nawo, apo paunenge wangoreba sewako. . . inji imwe chete kuenda mudenga. Handizive kuti itswanda ngani dzemaranjisi dzinoberekwa nemuti muhupenyu hwawo hwese. Ngatiti, semuenzaniso, mazana mashanu etswanda. Zvino, anogona kunge akawandisa kana kushomeka, handizive; asi ngatiti mazana mashanu etswanda. Maiziva here kuti ranjisi rese richazova mumuti iwoyo rinenge riri mauri apo paunenge wakangoreba zvakada kuita seinji? [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Manga muchizviziva here? Chokwadi, ndizvozvo. Kupi? Wakabva mumbeu. Zvino, chinhu chega chazviri ndeichi, wakangodyarwa, ukasiwa wakadaro.

¹²³ Uye unofanira kutora, unokweva mvura kubva muvhu, kuti uwane chikafu. Uye unokweva mvura kubva muvhu, uye unofanira kunwa zvakapfuurira mwero wawo. Uye nguva yose. . . nokuti, unofanira kusundira kunze. Uye kana ukanwa mvura, unosundira matavi kunze; wonwa mvura yakawanda, wosundira mashizha kunze; wonwa mvura yakawanda, wosundira maruva kunze; wonwa imwe mvura yakawanda, wosundira maranjisi kunze. Unongoramba uchinwa, uchisundira kunze. Asi, unofanira kunwa.

¹²⁴ Ndizvo zviririwo mutendi, anoiswa pakati chaipo peShoko raMwari. Amen! Uye kana paine chero chinhu chaanoshaiwa, anongonwa, osundira kunze; onwa, osundira kunze. Kana munhu akazadzwa neMweya Mutsvene, chinhu chose chaanzoshandisa murwendo rwake rwehupenyu chiri imomo maari chaimo. Hongu, changamire. Chinhu chega chatinofanira kuita kunwa nekunwa, kunwa nekunwa, uye tonwa kusvikira tachiwana. Takadyarwa muna Kristu Jesu! Uye pakududzira kwangu pamusoro paKe, Iye Chitubu cheHupenyu chisingapwe. Ndizvo chaizvo zvandinofunga kuti ndizvo zvaAri. Zvino kana tichinge tadyarwa maAri, Iye haaperi! Tinogona kutora kubva maAri, kunaka, hunyoro, kupfava, moyo murefu, simba, kupodzwa, [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . vimbiso iyo yaAkapa, nokuti takadyarwa muMbeu yeShoko raKe. Uye Ichabereka chaizvo izvo zvakataurwa naMwari kuti Ichazobereka. Iro iMbeu, Shoko.

¹²⁵ Mwari vari muShoko raVo. Tinozvitenda izvozvo, hatidaro here? Tose tinotenda. Munoono Mwari vachipindura. Karekare makore akapfuura, apo paAkavataurira kuti vakwireko, Pentekosti, vaizogamuchira Mweya Mutsvene. Makore akawanda kumashure kwacho, muna Isaya, Iye akati, “Chirevo

chinofanira kuve pamusoro pechirevo, mutsara pamusoro pemutsara, apa zvishoma uye apo zvishoma. Batisisa kune izvo zvinova zvakanaka. Nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura kune vanhu ava, uye iri ndiro Zororo.” Munoono, Ivo vakazvitaura kumashure-shure chaiko, zvadaro Shoko raVo rakabva ranyatsosvika uye ndokubva raratidzwa. Zvose, Mesia akavimbiswa, kubva mubindu reEdheni, “Mbeu inofanira kukuvadza musoro wenyoka,” nezvimwe zvakadaro, zvakaitika. Mwari vari muShoko raVo.

¹²⁶ Zvino, Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose, itai “ameni” kana muchizvitenda.

[Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Mwari vari muShoko raVo. Munozvitenda here, itai “ameni.” [“Ameni.”]

¹²⁷ Zvino, Mwari vari muMwanakomana waVo. Zvino, Mwari vaiva muMwanakomana waVo. “Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari,” ndizvo zvinotaurwa neGwaro. Ivo, Mwari vachaburuka pasi, vakararama mumutumbi, vakaberekwa nemhandara Maria, uye Mwari vakazviratidza pachaVo nemuna Kristu; kuti varatidze zvaive zviri hunhu hwaVo—hwaVo, kuti varatidze kuti Vaida, kuratidza mwoyo murefu waVo, kuratidza simba raVo, kuonesa pamwe nekuzviratidza Pachavo. Mwari vairarama vari muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari.

¹²⁸ Ndakataura nemumwe mudzimai, pano imwe nguva yapfuura, kana kuti iye akandivhunza. Iye akati, “Mufundisi Branham,” iye akati, “Ndinoyemura mharidzo dzenyu. Ini, ndiri. . .Ndinouya kumisanganano yenyu.” Asi iye aiva weimwe chechi yemasanganano isingatende kuti Jesu aiva Mwari. Uye iye akati, “Zvakanaka, Iye akanga asiri Mwari.” Zvino ini ndikati. . . Akati, “Munoedza kuMuita Mwari zvakanyanya.”

Ini ndikati, “Aiva Mwari.”

¹²⁹ “Oo, ” iye ndokuti, “changamire, ndinobvuma kuti Aive murume akanaka.” Uye handidi kurwadzisa manzwiro enyu; vamwe vevanhu ava ishamwari dzangu dzakakosha. IChristian Science. Uye akati, “Iye, Iye haasi Mwari.” Akati, “Ndinobvuma kuti Aiva muporofita, asi Aiva asiri Mwari. Uye imi munoedza kuMuita Mwari.”

¹³⁰ Ini ndikati, “Zvichida Iye aiva Mwari kana kuti aiva munyengeri mukurusa uyo nyika yati yambova naye.” Ndizvozvo chaizvo. Ndikati, “Aiva Mwari. Iye aiva zvinodarika muporofita. Aiva Mwari pamusoro pevaporofita! Chokwadi, Aiva sokudaro.” Ndikati, “Aiva Mwari.”

¹³¹ Uye akati, “Zvino, imi makati maiva uyo ‘wezvepamavambo,’ uye kuti munotenda Gwaro.”

Ini ndikati, “Ndinodaro.”

132 Zvino akati, “Kana ndikakuratidzai, neBhaibheri renyu, kuti Iye aive asiri Mwari, munozopupura here kuti ndiri kutaura chokwadi?”

133 Ini ndikati, “Hongu, changamire. Kana Bhaibheri rakati Iye akanga asiri Mwari, zvadaro ndichatenda Bhaibheri.” Uye ndikati, “Asi ndinofanira kuona Gwaro racho.”

134 Iye akati, “Muna Johane, umo muna Mutsvene Johane, Rakati, ‘Apo Jesu paakaenda zasi kuguva raRazaro, Akachema.’” Akati, “Munoziva, dai Aiva Mwari, haAikwanisa kuchema.”

Ini ndikati, “Hanzvadzi, ndipo pakazembera pfungwa yenyu here?”

135 Iye akati, “Hongu, changamire. Uye ichocho ichokwadi. Iye akaenda kubwiro raRazaro, Akachema; izvozvo zvakaraidza kuti Iye akanga asiri Mwari.”

136 Ini ndikati, “Gakava renyu rakatetepa kupfuura muto wakagadzirwa kubva pamumvuri wehuku yakaziya nenzara kusvika pakufa.” Ndikati, “Zvakanaka, munoziva zviri nani kupfuura izvozvo.”

137 Uye iye akati, “Oo, Iye aiva—Iye aiva—Iye aiva muporofita, Aiva murume akanaka.”

138 Ini ndikati, “Aiva zvakadarika...Mwari vaiva maAri. Iye aiva munhu, asi Aiva ari—ari Munhu muhunyanzvi. Chekutanga, Iye aiva munhu; Mweya waiva maAri waiva Mwari!” Ndikati, “Mwari aiva muna Kristu.”

Iye akati, “Aa! Kwete!”

139 Ini ndikati, “Tarira, mudzimai, ndichatora Gwaro rako. Iye aiva munhu, asi Aiva Mwari-munhu. PaAkaenda zasi kubwiro raRazaro, Akatochemu semunhu. Ichocho ichokwadi. Asi paAkamira ipapo, akaswatanudza mapendekeke Ake madiki akange akaderera, uye ndokuti, ‘Razaro, muka,’ zvino munhu akafa, akanga akafa kwemazuva mana, akamuka kuhupenyu, izvozvo zvaipfuurira munhu. Munhu haaigona kuita izvozvo. Aaiva Mwari ari muMwanakomana waKe.”

140 Aiva munhu apo paAkaburuka mugomo, aine nzara, achitsvaga chimwe chinhu chekudya, akanyatsotarisa pamuti kuti awane chimwe chinhu chekudya. Aiva munhu paAiva ane nzara. Asi paAkatora hove mbiri nemabhisikiti mashanu uye ndokupa chekudya kune zviuru zvisihanu apa zvaipfuurira munhu. Akanga ari Mwari muMwanakomana waKe. Chokwadi zvaiva sokudaro!

141 Aiva munhu paAive akarara kunze uko muigwa riya husiku huya, simba rakanga rabuda kubva maAri, kusvikira Akanga arukutika kwazvo zvokuti Akange asisakwanise... mafungu haana kana kuMumutsa, achikandwa kwese-kwese mukaigwa kadiki kekare aka, sekachivharo kebhodhoro kunze uko mugungwa guru. Zviuru gumi zvemadhimoni

emugungwa akapika kuti aizoMunyudza husiku ihwohwo apo paAinge akarara. Aiva munhu paAirara uye akaneta. Asi apo paAkaisa tsoka yaKe pamusoro petambo dzechikepe, ndokutarisa mudenga akati, “Rugare, ngakunyarare,” zvino mhupo nemafungu zvakaMuteerera, izvozvo zvaipfuurira munhu. Mwari vaiva muMwanakomana waVo! Zvirokwazvo!

¹⁴² Aiva munhu paAkafa apo pamuchinjikwa, achichemera tsitsi. Aiva munhu paAkafa. Akachema semunhu, Akava nemarwadzo semunhu. Asi pamangwanani eEsta apo paAkapamura . . . rufu, gehena, nezvisimbiso zveguva, ndokumuka zvekare; Anopfuurira munhu, Akaratidza kuti Aiva Mwari!

Mukurarama, Akandida; mukufa,
Akandiponesa;
Mukuvigwa, Akatakura zvivi zvangu
kuzviendesa kure kwazvo;
Mukumuka, Akaruramisa pachena zvachose;
Rimwe zuva Ari kuuya, oo, izuva rinobwinya!

¹⁴³ Mwari vaiva muMwanakomana waVo, vachiyananisa nyika kwaVari. Munozvitenda here? Chokwadi. Mwari vaiva muMwanakomana waVo. Nekukurumidza, nguva yedu yaenda. Chimwe chinhu zvekare. Isu . . . Munotenda here kuti Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose? Mwari vari muShoko raVo here? Mwari vaiva muMwanakomana waVo here?

¹⁴⁴ Zvino, Mwari vari muvanhu vaVo. Zvakanaka. Tichaona kuti Anodzika kuuya kuvanhu here zvimwe chete sezvaAnoita kuzvisikwa. Vanhu chikamu chezvisikwa zvaKe. Zvirokwazvo, ndizvo zvavari. Zvino cherechedzai, Mwari vaiva muvanhu vaVo.

¹⁴⁵ Aiva aniko humwe husiku muchidzidzo chedu, chemuna Eria, apo mwana midiki aiva afa nekupisa kwezvava, uye aive aradzika pamubhedha wemuporofita kwemaawa nemaawa, apo murume, anonzi “Eria,” aifamba-famba achienda mberi nekudzoka, kukwira nekudzika pasi, zvino ndokuradzika mutumbi wake pamusoro pemwana iyeye akanga akafa, uye iye akabva amuka? Uyu aiva Mwari ari muvanhu vaKe. Zvirokwazvo zvaiva sokudaro.

¹⁴⁶ Aiva ani, uyo apo Mutsvene Petro, muapostora, muredzi akanga asingazive kwazvo . . . Bhaibheri rakati, “Iye aiva asingazive uye asina kudzidza.” Aiva ani, apo paakafamba achidzika nemugwagwa, uye vanhu vachiradzika vanorwara mumumvuri wemurume iyeye, uye vakapodzwa? Waiva mumvuri wemunhu here wakavapodza? Aiva Mwari ari muvanhu vaKe, aipodza.

¹⁴⁷ Aiva ani aiva muna Mutsvene Pauro, apo pavaitora kubva pamutumbi wake mahengechepfu kana kuti maepuroni, uye vachiaisa pane vanorwara? Mwari vaiva mune vanhu vaVo.

Ivo vakacherechedza Mwari aiva muna Mutsvene Pauro. Zvirokwazvo, vaidaro.

¹⁴⁸ Aiva ani apo boka rembwende diki parakanamata, vakatora Shoko raMwari zvino vakaenda kumusoro kuPentekosti? Ivo vakapfiga mikova yose nezvihuri, uye vakapfiga mahwindo nezvihuri, uye vakavamo kwemazuva gumi. Kamwe-kamwe pakauya ruzha kubva Kudenga semhepo huru, yaimhanya kwazvo, ikazadza chivakwa chose umo mavainge vakagara, marimi akapatsanuka akagara pavari, semoto. Zvino vakabva vabuda vachienda mumigwagwa, uko kwavaimbenge vachitya, vakaenda ikoko, vachiparidza Vhangeri uye vachingoenderera mberi seboka revanhu vakadhakwa. Chaiva chii ichocho? Mwari vari muvanhu vaVo. Mwari vachifamba vari pakati pevanhu vaVo.

¹⁴⁹ Mwari vari mauri. Mwari, Mweya Mutsvene, vari mauri, vachifamba-famba zvino, vachiyananisa nyika kwaVari.

¹⁵⁰ Chii chinoita kuti vaparidzi ava vakafemerwa vaparidze Vhangeri? Chii chinovaitisa kudaro? Zvichida, imwe nguva, vaiva zvidhakwa; imwe nguva, vaiva vatambi venjuga; imwe nguva, aiva murume asina kunaka; kamwe-kamwe, chimwe chinhu chakashanduka! Uye hezvinoini pano vamire, vachiparidza Vhangeri uye vachipa hupenyu hwavo kunze. Uye vamwe vavo, potse, vachingorarama sevarombo sezvavanogona kuva. Apo pavaiva vanamuzvinabhizimu uye vachikwanisa kuve vapfumi, vachifamba vari mumotokari hombe uye vova vakagarika, asi vakazvipira ivo vakazvigovera. Sei? Mwari vari muvanhu vaVo, vachiyananisa nyika kwaVari. Mwari vari muvanhu vaVo.

¹⁵¹ Chinombova chii chinorova mudzimai mudiki kana kuti murume mudiki, uye osimuka, chiso chake chichipenya sekenduru, uye otaura nemutauro uyo waasina chaanoziva nezvawo, zvino mumwewo osimuka ari pasi pemhando yekufemera kumwe chete uye opa shoko kucheche? Mwari vari muvanhu vaVo. Amen.

¹⁵² Chinombova chii chinouya papuratifomu ino, musangano mushure memusangano, uye choita zvishamiso zvimwe chete izvo zvakaitwa naJesu apo paAiva pano panyika? NdiMwari vari muvanhu vaVo. Hazvinei kuti zvingava zvakawanda sei mandiri, zvinofanira kuva mauriwo, zvekare. Nokuti, hazvingoshanda neni bedzi ndiri ndega. Zvinotorera iwe neni pamwe chete, kuti zviitike. Ndizvozvova chaizvo.

¹⁵³ Isu tose pamwe chete, Mwari vari matiri tose! Mwari, kwete bedzi muMethodisti kana muBaptisti, kana muPentekosti kana muPresbyteriani, asi Mwari vari mumutendi wese akagamuchira Mweya Mutsvene. Ndivo Mwari, Mweya Mutsvene, vari muvanhu, vachiyananisa nyika kwaVari.

¹⁵⁴ Cherechedzai kuti Anoita kuti vanhu vazvitende sei. Nezvinhu zvimwe chete zvaAkaita kune vekutanga

paPentekosti, Iye anozviita kwavari nhasi, nenzira imwe chete. Ivo vakagamuchira Mweya Mutsvene nenzira imwe chete iyoyo, zviratidzo nezvishamiso zvimwe chete zvinovatevera.

¹⁵⁵ Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose. Munozvitenda here izvozvo? Mwari vari muShoko raVo. Munozvitenda here izvozvo? Mwari vari muMwanakomana waVo. Munozvitenda here izvozvo? Mwari vari muvanhu vaVo. Munozvitenda here izvozvo? Mwari vachifamba muna zvose!

¹⁵⁶ Naizvozvo Firipo akati, “Tiratidzei Baba, uye zvichatiringana.”

¹⁵⁷ Ndinogutsikana nhasi kuti ndinokwanisa kuona Mwari kwese-kwese kwandinotarisa! HandingoMuone chete, asi ndakaMunzwa uye ndinoziva kuti Ari pano! Sezvakataura mudetembi, “Iwe unondivhunza kuti ndinoziva sei kuti Iye anorarama, Iye anorarama mukati memwoyo mangu.” Ndinotarisa Mweya waKe uye ndoUona uchindikurudzira, wondifambisa. Unokurudzirwa neChimwe chinhu, Mweya Mutsvene. Mwari vari pano nhasi, shamwari. Mwari vari pano.

¹⁵⁸ Ivo vari muzvisikwa zvaVo kunze uko, zhizha nechando, mashizha, maruva, shiri, mhuka. Vari mukudoka kwezuva, kubuda kwezuva. Ivo vari muhurongwa hwenyeredzi. Vari kwese-kwese! Mwari vari kwese-kwese! Vari mune zvakasikwa zvaVo zvose.

¹⁵⁹ Mwari vari muShoko raVo. Chero munhu anokwanisa kutora Shoko raVo, chero vimbiso . . . Regai ndizivikanwe ndichitaura izvi. Kana ukava nepfungwa dzine maonero akanaka kune chero vimbiso Tsvene yaMwari, zvinoiita kuti izadziswe. Ndizvo zvandionfunga pamusoro peShoko raKe. Ukatora chero vimbiso ipi zvayo Muno, uye wova nepfungwa ine maonero akanaka kwairi, Mwari vachaiita kuti izadziswe kwauri. Mwari vari muShoko raVo.

¹⁶⁰ Mwari vari muMwanakomana waVo. Aiva Mwari. Iye Mwanakomana waMwari. Ndinozvitenda izvozvo nezvose zviri mandiri. Ndinozvitenda. Hongu, changamire. Iye aiva asina kupfuura . . . Aiva muporofita. Chokwadi, Aiva muporofita, Aiva muparidzi, Aiva muimbi. Iye aiva—Iye aiva Mwari, Mwari achiratidzwa munyama. Mwari vakaburuka munyama, kuzoyanana nyika kwaAri. Zvadaro Mwanakomana iyeye waMwari anoshamisa akafa. Zvino, paAkafa, Akapa hupenyu hwaKe. Akamuka zvekare paEsta, uye Mwari vakamutsa mutumbi waKe vakauisa kudivi rekurudyi kwaVo, zvino ndokutumira Mweya Mutsvene zvekare kuzoenderera mberi uchiVaratidza pakati pevanhu.

¹⁶¹ Uye Mweya mumwe chete waiva muna Jesu Kristu uri pakati pedu nhasi, uchienderera mberi nokuzviratidza pachaWo kuvanhu, nezviratidzo zvimwe chete, mashura mamwe chete, uchivapa Mweya Mutsvene mumwe chete, nekutaura nendimi

dzemhando imwe chete, uchipa dudziro yemhando imwe chete, uchiona zviratidzo, uchibuda kunze, uchipodza varwere, nenzira chaiyo yaAkazviita nayo pekutanga. Mwari vari muvanhu vaVo!

¹⁶² Sei tichitarisa zvino, “Tiratidzei Baba uye zvigotiringana”? Tinoona Baba. Tinoona Baba.

¹⁶³ Apo ini—apo ini pandinotarisa kunze kuno uye ndoona kunyura kwezuya, ndinoona Baba. Apo pandinoona kubuda kwezuya, ndinoona Baba. Apo pandinonzwa kudana kwemhuka yemusango, ndinoona Baba. Apo pandinoona maruva ayo achidombera, ndinoona Baba. Haudaro here?

¹⁶⁴ NdinoMuona muShoko raKe. Nguva yose yandinotora Shoko raKe kuvimbiso, ndinoona Baba.

¹⁶⁵ Ndikatarisa kuna Jesu, ndinoona Baba vachizviratidza pachaVo nemuMwanakomana.

¹⁶⁶ Ndikatarisa kune vanhu vaKe, ndinoona Baba; kuMuona achishanda ari pakati pevanhu vaKe, achizviratidza Pachake, achienderera mberi. “Ndiratidzei Baba”? Heuno Ari ipo pano masikati ano, achishanda ari pakati pevanhu vaKe, muvanhu vaKe, kuburikidza nemuvanhu vaKe, pamusoro pevanhu vaKe. Hareruya! Mwari ari mune vanhu vaKe.

¹⁶⁷ Ngatinamatei. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Mwari ngaVarumbidzwe! Munomuda here? Zvakanaka.

¹⁶⁸ Ndinotenda Billy andiudza kuti makumi mashanu ekunamatirwa... Zvakanaka. Kadhi rekunamatirwa nhamba potsi. Simudza ruoko rwako, nekukurumidza, kuti tigone kuona iye zvino, uye toenda nekukurumidza pamutsara wekunamatirwa. Tichaona chimwe chinhu chichiitika. Ini... Makarimirira here? Kadhi rekunamatirwa nhamba potsi, ndiani anaro? Mudzimai uyu pano, une kadhi rekunamatirwa nhamba potsi here? Ndiri kuvhunza kadhi rekunamatirwa nhamba potsi. (Ranga—ranga riri vara ripi?) E.

¹⁶⁹ Kadhi rekunamatirwa E, nhamba potsi, simudza ruoko rwako. Nhamba yechipiri. Zvakanaka. Nhamba yechitatu, nhamba yechina. Huyai neche kuno, mungadaro here? Nhamba yechishanu, tanhatu, nomwe. Zvakanaka, nyatsosimukai. Ndiriri kungodanidzira, simukai. Nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, gumi nerimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi neina, gumi neshanu, gumi nenhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri, makumi maviri nerimwe, makumi maviri nembiri, makumi maviri nenhatu, makumi maviri neina, makumi maviri neshanu, ingoitai mutsara zvino.

¹⁷⁰ Vangani vasina kadhi rekunamatirwa, simudzai maoko enyu. Munotenda here kuti Mwari vari muvanhu vaVo? Mwari mumwe chete akafamba muGarirea, ari muna Jesu Kristu, munotenda here kuti Ari pano nhasi, mamuri, Mweya mumwe chete waiva muna Jesu? Iye Mwanakomana waMwari akaberekwa

nemhandara; uye imi muri vanakomana vakagadzwa, naYe. Mweya mumwe chete waiva maAri, uri mamuri. Zvakanaka.

¹⁷¹ Makumi maviri neshanu, makumi maviri nenhanhatu, makumi maviri nenomwe, makumi maviri nesere, makumi maviri nepfumbamwe, makumi matatu, regai ivavo vauye. Tinovadana saizvozvo kuitira kuti tirege kuzara takaungana, munoziva, kuva nekufamba-famba kwakanyanya. Zvakanaka, makumi matatu, makumi matatu nerimwe, makumi matatu nembiri, makumi matatu nenhatu, makumi matatu neina, makumi matatu neshanu, makumi matatu nenhanhatu, makumi matatu nenomwe, makumi matatu nesere, makumi matatu nepfumbamwe, makumi mana. Zvakanaka, ingofambai muchienda zasi uko uye vachakuisai mumutsara chaimo. Kana iwe usingakwanise kufamba, handiti, ita kuti mumwe munhu azive, ivo vachakutakura.

¹⁷² Zvino, vangani vasina kadhi rekunamatirwa, simudza ruoko rwako, woti, “Ndinoda kuti Mwari vandipodze masikati ano.” Handina basa kuti ndiwe ani, kuti unobva kupi, chero chinhu, ingoti, “Ndinoda kuti Mwari vandipodze. Ndinotenda.”

¹⁷³ Zvakanaka, makumi mana kusvika kune makumi mashanu zvino, regai vauye. Munhu wese ane kadhi rekunamatirwa, simuka uuye nechekuno zvino, imi mune makadhi enyu ekunamatirwa. Tichangomirira kwenguva shomanani uye tobva tatotanga mumutsara, kunamatira vanorwara.

¹⁷⁴ Zvino, tinofanira kunge tapedza mumaminitsi gumi kana kuti gumi nemashanu ari kutevera, saka tsungirirai nesu zvishoma, uye namatai nezvose zviri mamuri. Zvino ndinoda kuti mutarise neche uku, mumwe nemumwe wenyu zvino. Zvino rangarirai . . .

¹⁷⁵ Pane vayenzi here pano vasati vakambova mune mumwe wemisangano kumashure? Pane vakati kuti, ingotarisai. Tinofara chaizvo kuva nemi. Tichivimba kuti mucha—muchaenderera mberi mumhando ino yeshumiro, iyo inova, umo Mweya Mutsvene. . . Kana usiri nhe—nhengo yeimwe chechi inova yevanotenda Vhangeri rose, uye pahunhu hwedu, tinokukumbira, kana uchida mhando yeshumiro umo Mweya Mutsvene unopinda uchifamba. Tarisai vashumiri vari pano ava, va—vanogara munyika mose muno, uye ivo vanozi . . . (Maita henyu, hanzvadzi.) Ivo vanozi—ivo vanozofara kuva nemi muchechi mavo.

¹⁷⁶ Zvino ndiri kuda kutaura izvi, kuti munhu wese akatendeuka vhiki rino, munhu wese akatendeuka pano vhiki rino, zvino, tarisai boka iri revashumiri, ivo—ivo vanomira nechinhu chimwe chete chandinomira nacho. Hatina musiyano mumwe chete zvachose. Isu tiri vamwe zvemazvirokwazvo. Tinotenda muEvhangeri izere, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nezvinhu zvose izvi. Vashumiri vose ava vari pano,

tose zvedu tinongori zvakafanana zvachose. Uye tinoda kuti mujoinhe chechi yavo kuitira kuti mugoenderera mberi. Zvino ivo ndivo vana...MuSamaria akanaka auya nepo, ndokudururira mafuta muronda. Asi akutora zvino, uye anoda kuti uende kune imwe yedzimba dzinochengeterwa vafambi dziri pano, iyo iri pedzosa newe. Iye akatobhadhara mufudzi kuti vakuchengete, saka vakatobhadharwa; vakagamuchira Mweya Mutsvene, ndokuwana maropafadzo aMwari, uye nehutano, nechizaruro, ivo vanokwanisa kungopa mweya wako chekudya! Saka iwe huya zvino wojoinha imwe yemachechi acho, uye chichava—chichava chinhu chakanakisa kwazvo chaunokwanisa kuita kuti uchengete mweya wako uzogara uchiwana chokudya uye uchifambira mberi. Mwari vave nemi.

¹⁷⁷ Zvino, hatitaure tichizviti tiri chimwe chinhu chinopfuurira kuva hama yenyu. Zvino, kana Kubvutwa kukauya nhasi, uye Mwari vitora avo vacho vakakodzera kuenda kumusha kutanga, ndinozova wekupedzisira kubva papuratifomu. Ndizvozvo chaizvo. Ndakaberekwa kunze kwemwaka. Ini... Kana imi, vazhinji venyu imi vaparidzi vechiPentekosti muri pano, vakuru kwandiri, makore apfuura makange muri kunze uko mumugwagwa, muchiparidza, apo kutambudzwa kwaiva kwakanyanya, makange muchigadzira nzira yandiri kumhanya nepairi. Makange muchiudza vanhu kuti zvinhu izvi zvaizoitika. Maitodimura nemumasango emhando dzese nezvinhu, nepamusoro pemhando dzese dzemirwi yematombo. Maona? Ndinongova mucheche. Uye imi ndimi vacho, ndimi hama dzaka—dzakaunza izvi. Ndimi hama nehanzvadzi dzakaita zvinhu izvi. Makangozvita kune vanhu, uye mukavaudza kuti zvaizouya. Makaisa nheyo. Mumwe ndiye...anoisa nheyo, mumwe wacho ndikaripenda, mumwe ndipuramba, mumwe ndiye wemagetsi. Imba yaMwari iri kuvakwa. Maona? Uye zvino patiri kuenderera mberi, uye mumwe nemumwe ane nzvimbo yake. Uye zvino ti—tinoda kuti imi vanhu muremekedze pamwe nekukudza hama dzedu pamwe nemachechi aya. Uye morega Humambo hwaMwari huchikura pamwe nekuwedzera nguva dzose, ndiwo munamoto wedu.

¹⁷⁸ Zvino, handigone kupodza. Kupodzwa kwakatobhadharirwa kare neMweya Mutsvene. Vangani vanozviza izvozvo? Kristu akazviita paKarivhari. Chinhu chega, icho zvichida varume ava vari pano, ivo vashumiri, vanogona kutora Shoko raMwari. Handaizodaro...Handaizomboedza kumira pamberi pavo neShoko raMwari, nechimwe chinhu chinopikisa; nokuti, ivo vakadanwa, iyoyo ndiyo hofisi yavo, vanoparidza, vanoziva zvavanenge vachitaura pamusoro pazvo. Saka ndinongoteerera kune zvavanotaura, uye ndoti “ameni” ndoenda mberi, nokuti ivo va—ivo vanhu vaMwari. Ndinovatevera, uye ndinoona kuti vari muBhaibheri, uye vanotaura Chokwadi.

179 Zvakanaka, zvino, handisi wekuperidza zvakanyanya. Asi chipo changu chipo chekuona. Ndicho chinova... Jesu aiva muparidzi. Iye aiva muoniwo zvekare. Uye pachikamu changu, nokuda kwekuti handina dzidzo yakanyatsokwana kuti ndiparidze, asi ndine chipo chekufanoona zvinhu, nekuzvitaure nekufanotaura zviri mberi.

180 Nokuti, muBhaibheri, Iro rakati, “Kwakatumwa vaapostora, vaporofita, vavhangeri, vadzidzisi, vafudzi, vose ava kuti Chechi ikwaniswe.” Mwari akavaisa muChechi. Zvino, pane zvipo zvemweya zvifumbamwe, izvo zvatinogona kuturika maoko pazviri, nezvimwe zvakadaro, uye tonamata takaperera kuitira zvipo zvakanakisisa, uye tozvitatidza saizvozvo. Asi zvimwe izvi zvipo zvaMwari zvakafanotemerwa, Mwari vanozviisa muChechi.

181 Kuzera riri kuuya, Iye... Johane Mubhabhatidzi, aiva mumhanyi akatsaurwa wezera iroro. Mwari vakangofanogadza kuti aite basa iroro. Munozvitenda here izvozvo? Chokwadi, Iye akadaro. Jesu akati, “Ko makaenda kunoona muporofita here?” Akati, “Anodarika muporofita.” Maona? Johane akange asingazive izvozvo, asi Jesu aiziva. Maona?

182 Uye Jeremia, asati aberekwa, Mwari vakati, “Ndakakuziva, ndikakuchenesa, ndikakugadza kuva muporofita kumarudzi.” Ichocho ichokwadi, hachisi here?

183 Zvino apo Jesu paaiva pano panyika, Akati, apo paAkanga abuda kuti achienda, Akati, “Kwenguva pfupi, uye nyika...” Usakanganwe izvi, shamwari Mukristu. “Kwenguva pfupi, uye nyika haichazoNdioni zvekare; asi zvakadaro imi muchaNdiona, nekuti Ndichange ndinemi, mamuri, kunyangwe kusvika kumagumo enyika.” Ko Akazvitaure here izvozvo? Iye aizova nesu kusvika kumagumo enyika. Bhaibheri rakataura kuti “Iye mumwe chete zuro, nhasi nekusingaperi.” Izvozvo zvinoreva kuti, “mumwe chete mumaitiro, mumwe chete musimba.” Chinhu choga chakasiyana muna Jesu nhasi panyika, pane zvaAiva kumashure uko, nhasi Ari muchimiro cheMweya Mutsvene. Mutumbi waKe chaiwo ugere kuruoko rwaMwari rwerudyi Kudenga. Rimwe zuva Achauya, uye avo vari muna Kristu vachamuka voenda naYe. Maona? Ndizvo zvatiri kutarisira, zuva iroro. Asi Mweya waKe, nesimba raWo rese pamwe nekuratidzwa kwawo, zvakapihwa kuMutumbi wevatendi pasi rose.

184 Zvino, Mutumwa waShe uyu: kana Akasazadzisa pamwe nokuita mabasa mamwe chete ayo akaitwa naJesu, zvikadaro haUsi Mweya waiva pana Jesu, asi kana *Ukaita* mabasa mamwe chete ayo anoitwa naJesu! Nokuti Iye akati, “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita, naiye achaitawo.”

¹⁸⁵ Imi munoziva kuti Bhaibheri rinoti, muchitsauko chimwe chete, Johane 14, “Mabasa aNdinoita, naiye achaaaitawo; kunyangwe *akawanda kupfuura* aya achaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Ndinoziva kuti King James rakati “makuru kudarika.” Haaigona kuva makuru akadarika; rekutanga rinoti “akawanda kupfuura.” Nokuti, Akamisa zvisikwa, Akamutsa vakafa, zvakanaka, kungoti zvinhu zvese hazvo. Haaigona kuita zvikuru kupinda zvaAkaita. Asi Chechi yaizoita zvakanawedzera kuwanda zvawo, nokuti, apo patiri kuva nemusangano pano, vari kuva nemusangano muAfrika, vari kuva nayo muBrazil, vari kudaro kwese kwakapoteredza pasi rose, munoona, nokuti aizonge *akawanda zvinopfuura*. Mwari vakaratidzwa muMunhu mumwe chete kareko, Mwanakomana waVo Jesu; zvino Vari kuratidzwa vari muChechi yaVo, pasi rose. Asi Mweya mumwe chete uchiita mabasa mamwe chete! Rimwe zuva . . .

¹⁸⁶ Kunemi musina makadhi ekunamatirwa. Zvino, pane rimweze here kadhi rekunamatirwa mu—muungano? Kana riripo, unofanira kupinda mumutsara. Imi musina makadhi ekunamatirwa, paiva nemudzimai . . .

¹⁸⁷ Ngatitaurei—ngatizvitaurei seizvi, hazviverengwi nenzira iyi, asi mumwe mudzimai pane imwe nguva aiva nedambudziko rekubuda ropa, uye akanga asingazive kuti aizosvika kuna Jesu sei. Asi akati, “Kana ndikagona kubata mupendero wenguwo yaKe, ndinoMutenda, ndichapodzwa.” Vangani vakamboveenga nyaya iyoyo? Handiti, chokwadi, takaiverenga.

¹⁸⁸ Uye, zvino, iye akaverevedza nemukati meruzhinji, uye ndokuverevedza achipfuura vatsoropodzi vose, zvino ndokubata nguwo yaKe. Zvino, hanzu yechiParastina inorembera yakasununguka, uye vaiva nehanzu yemukati. Zvino, Iye haana kupvanzwa panyama, asi Akati, “Ndiani aNdibata?” apo iye paAkamubata ndokudzokera muungano. “Ndiani aNdibata?”

¹⁸⁹ Uye, handiti, Petro akaMutsiura, achiti, “Ishe, sei Muchitaura chinhu chakadaro? Handiti, munhu wese ari kuKubatai, zvino Imi moti, ‘Ndiani aNdibata?’” Iye akaMutsiura, Bhaibheri rakadaro.

¹⁹⁰ Iye akati, “Asi ndinonzwa kuti Ndapera simba, simba rabuda kubva maNdiri.” Uye Iye ndokutarisa kwose-kwose pamusoro peungano kusvikira Awana mudzimai mudiki wacho. Zvino Iye ndokuti kwaari, “Kutenda kwako kwakuponesa.” Iye aiva nedambudziko rekubuda ropa. Munozvirangarira izvozvo? Zvino, vangani . . .

¹⁹¹ Tarirai, vafundisi ava pano, imi mose muri vafudzi. Hama vafudzi, Bhaibheri rakataura kuti “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Ndizvozvo here? Uye Bhaibheri rakataura kuti “Iye ndiye Muprisita Mukuru, akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari zvino, achireverera pakupupura kwedu.”

Iye Muprisita Mukuru anokwanisa kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu. Ndizvozvo here? Mazviona here? Muprisita Mukuru. Zvino, kana Iye ari mumwe chete zuro uye nekusingaperi, mhando yemabatiro mamwe chete anozounza zvibereko zvimwe chete. Ndizvozvo here?

¹⁹² Zvino imi tarisai kwaAri. Ko munozoMubata sei? Nekutenda kwenyu. Sweverera mudenga zvino woti, “Ishe Jesu, ndinoshaiwa zvachose.”

¹⁹³ Teererai. Kumbirai izvi. Usazvinamatire; namatira mumwe munhu. Ngatizvitorei nenzira iyoyo. Kwete zvakaita iwe pachako; namatira mumwe munhu. Dai Mweya Mutsvene waona nezvazvo. Ingonamatira mumwewo munhu. Vamwe vevadikanwa vako, kana mumwe munhu waunoziva ari kune imwe nzvimbo, kana chimwe chinhu chakadaro, namatira iyeye. Munoono, kuti uchaziva... usave ne... Havafanirwe kunge vari pano. Mwari vanonzwa munamato. Vanoziva zvauro kunamatira pamusoro pazvo.

¹⁹⁴ Vangani vari muno muchivakwa vandisingazive, avo vandisina chandinoziva pamusoro pavo? Simudza ruoko rwako. Maita henyu. Ndinodaira, munhu wese. Tichidzika nemutsara wekunamatirwa uyu, mumwe nemumwe wenyu anoziva, unoziva kuti handikuzive, simudza ruoko rwako. Handikuzive.

¹⁹⁵ Zvino, munocherechedza, kana kubata kumwe chete kubva kumudzimai mudiki kwakaita kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari apere simba, simba rakabuda richibva maAri (*simba* “isimba”), ko mutsara uyo unozoitei kwandiri, mutadzi akaponeswa nyenyasha? Munoono, heyo dudziro yenyu, “*Akawanda kupfuura aya muchaaaita.*” Maona? Hezvoka izvo. Zvino, kana ndikatora hafu yemutsara uyo wekunamatirwa, ndichinzvera, ivo zvichida vanotozobuda vakanditakura. Kunongondipedza simba. Pane chimwe chinhu nezvazvo. Handigone kuita zvose izvozvo. Asi ndinokwanisa kunamatira mumwe nemumwe. Ndizvo zvamunoda, zvakadaro, handizvo here hama?

¹⁹⁶ Kuturika maoko pamusoro. Zvino, Jesu, haAna kuti, “Turikai maoko pamusoro uye monamata.” Akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda, kana vakaisa maoko pane vanorwara.” Haana kumboti “vanamatirei”; ingo “turikai maoko pavari.” Hurongwa hwekunamata ndehwekuti, “Danai vakuru vechechi, moita kuti vavazodze nemafuta uye vovanyengerera,” izvozvo ndezvechechi. Asi chipo chekupodza nenzira yekuvhangera ndechekungoti “turikai maoko pane vanorwara.” Tinozviziva izvozvo. Kwete “kuvanamatira”; “Turikai maoko pavari, zviratidzo izvi zvichatevera!” Zvino, asi kuitira kuti. . .

¹⁹⁷ Regai tione, ndiani. . . Hama Borders, ndiani? Zvakana. Kungoitira kuti Mweya Mutsvene ugone kutanga, uye wochifamba pakati pedu.

¹⁹⁸ Zvino, tarisai, handidi kuti chero ani zvake ange achifambafamba. Ndapota, zvino, kwese-kwese, ivai makanyararisa, ivai neruremekedzo. Zvino, ndinoreva, kana Mweya Mutsvene ukaita chero chinhu, unoda kuUrumbidza, ndizvozvo, munofanira kuita izvozvo. Asi musafambe-fambe. Garai makanyarara. Nekuti, mumwe nemumwe wenyu uri mweya. Uye zvadaro chizoro cheMweya Mutsvene chinouya zvino, choti, mumwe munhu nechekumashure-shure uko ari kuti, “Handizive kana izvo zvingadai zviri izvo,” ndiri kuzvinzwa izvozvo ipo pano. Mumwe munhu kumashure-shure uko ari kuti, “Nhai, John, unoziva *Nhingi-nhingi* na*Nhingi-nhingi* here? Ndaive ndiri *zvakati-nezvakati*.” Munooona, izvozvo zvinovhiringidza.

¹⁹⁹ Munooona, nekuti, kana Mweya mukuru weHupenyu Husingaperi unesu, uye Uchinge wandizodzera chimwe chinhu, zvadaro ndinozvinzwa sezvinongoita kurova kwemwoyo. Munooona, iwe. . . Ndiwo mawaniro a—andinovviita. Munooona, iwe unoMubata. Uye kuburikidza naizvozvo, kana uchinge wanamata kwaAri, kufarirwa kwako pamwe nekutenda kwako kunobva kwaMubata; zvadaro Iye anozongo. . . Ini ndinongozvipira pachangu, zvino Iye obva ataura, uye otanga kundiudza. Zvadaro iwe chiva unotonga kuti zvakarurama here kana kuti kwete.

²⁰⁰ Zvino kana Iye akazviita kekupedzisira, iye zvino tave kuenda, tave kugadzirira kudaro, musangano wava kuda kuvhara mumaminitsi mashoma ari kutevera, vangani vachati, “Ndichazvigamuchira nemwoyo wangu wese, uye ndotenda kuitira chose zvacho chandinoshaiwa”? Mwari vakuropafadzei zvino.

²⁰¹ Baba veKudenga, mumaoko eNyu ndinoisa unganano. Ndinotora mweya yese iri pano pasi pesimba rangu, kuitira kukudzwa pamwe nekubwinya kwaJesu Kristu. Ndinozvikumbira nemuZita raKe. Amenii.

²⁰² Zvino, mudzimai ari pano, ndinotenda (angosimudza ruoko rwake) kuti iye mutorwa zvachose kwandiri. Handimuzive. Zvimwe inguva yedu yekutanga yatati tambove pedyo seizvi pamwe chete, kunze kwekunge takapfuudzana mumugwagwa pane imwe nzvimbo. Asi Mwari vanotiziva tose tiri vaviri. Zvino kana. . .

²⁰³ Zvino tarirai, shamwari. Heuno mufananidzo nhasi waMutsvene Johane 4, mudzimai nemurume vachisangana kekutanga kwavo; Jesu nemudzimai weSamaria. Zvino, ini handisi Jesu, kana iyewo haasi mudzimai weSamaria, asi nderimwewo zera. Mweya waKe mumwe chete uri pano. Mudzimai akamira pano, anogona kunge ari mutsoropodzi,

anogona kunge ari Mukristu, anogona kunge ari munyengeri, anogona kunge achida mari, anogona kunge achimiririra mumwe munhu. Handizive. Handigone kukutaurirai. Asi Mwari vanoziva. Zvino kana Iye akamira zvino ondiudza, uye regai mudzimai ave mutongi, kana Iye akanditaurira, chaizvoizvo, chimwe chinhu pamusoro pake! Kana ini...paine chimwe chinhu pamusoro pake, handingambochiziva. Asi kana Iye akanditaurira chimwe chinhu pamusoro pake, regai iye ave mutongi.

²⁰⁴ Zvino, saka, kana zviri izvo, munoziva kuti zvinofanira kubva kune imwe mhando yesimba. Ndizvozvo here? Imwe... Zvakana, zvadaro Simba iro unozoriisa muchikwata chipi? Riri kuparidza Evhangeri, kusimudzira Jesu Kristu, kudana vatadzi kuartari, kupodza vanorwara nevanotambudzwa, imhando ipi yeMweya, imhandoi yemichero ingave iri kuberekwa neMweya iwoyo? Mhando imwe chete yemichero iyo yakaberekwa naJesu Kristu, aine Mweya waMwari paAri. Ndizvozvo here? Unozonge uri Mweya weChikristu. Nokuti, zvinozova kwauri kuti uite sarudzo yako, upi wacho.

²⁰⁵ Asi anozova Mwari kwauri, hazvizodaro here? [Mudzimai anoti, “Hongu, zvinozodaro.”—Mupepeti] Hongu. Nokuti, iye Mukristu.

²⁰⁶ Zvino, ko ndaziva sei kuti iye Mukristu? Nokuti ndanzwa Mweya wake, munoona, iye zvino, zvakangofanana nekurova kwemwoyo zvichipinda mukati, zvichiita sokudai, fuu, fuu, fuu. Uye ndinoziva Mweya waMwari uri pandiri, uyo wakandizodza iye zvino, unocheredza kuti iyi ihanzvadzi yangu. Uye handisati ndambomuona, asi ndinoziva kuti ndizvo zvaari. Munoona, zvakangoita sechimwe chinhu chichiuya *seizvi*. Zvinenge zvichienderana pamwe chete. Mweya wake uri kubatana neMweya uyo wakandizodza.

²⁰⁷ Vangani vakaona mufananidzo weMutumwa waShe uya? Ivo vane, oo, vanayo pano kwese-kwese, yakazara pasi rose. Rangarirai, ndinokutaurirai izvi. Mutumwa waShe iyeye wamunoona pamufananidzo, Shongwe yeMoto iyo yakatungamirira vana veIsraeri, iyo yakaitwa nyama ikagara pakati pedu, yakabva kuna Mwari uye ndokuenda kuna Mwari, ndokudzoka zvekare mumazuva ekupedzisira kuzoita basa rayo, kupedzisa Humambo, iri ipo pano chaipo mukati memainji matanhatu kubva pandakamira. Zvino zvirangarirei izvozvo. Kupikiswa kwakadini! Asi ndinoMutenda. Iye anoziva. Ndinozviziva kuti Iye haambokundike.

Zvino dai Ishe vakazarura kwandiri chimwe chinhu pamusoro penyu, hanzvadzi.

²⁰⁸ Uye kwamuri imi muri mumutsara wekunamatirwa, zvino chingovai makagadzirira, nokuti handidi kuti ndimire

ndichinzvera pauri zvachose, nokuti iwo . . . Handaimbokwanisa kuzviita. Asi imi ingovai makagadzirira, ivai muchitenda.

²⁰⁹ Zvino, dai ndaigona kukubatsirai, uye ndorega kuzviita, ipapo ndaizova munhu akaipa, handifanire kunge ndakamira pano papurupiti; uye ndiri mhando yemunhu akadaro, zvirokwazvo kwete. Asi ndanga ndichiparidza zvakaomarara. Uye ndakamirira kwechinguvana bedzi, kuti ndiite hurukuro newe.

²¹⁰ Sezvakangoitwa naShe wedu kumudzimai uye aive patsime, Ivo vakati, “Ndiunzirewo mvura Ndinwe.” Maona? Ko Aiva achiiteiko? Akanga ari kubata mweya wake, kuona kuti raiva—raiva dambudziko rei. Zvino paAkawana dambudziko rake, Akamuudza kuti dambudziko rake raiva rei. Munorangarira kuti raiva rei here? Aiva nevarume vashanu; uye vatanhatu, zvaiva zvakadaro, nekuti iye akava nevashanu uye uyo waaigara naye ipapo aizovaita kuti vave varume vatanhatu.

²¹¹ Uye—uye apo paAkamuudza paiva nedambudziko rake, handiti, mudzimai akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita.”

²¹² Munooona, va—va—vaFarise vakanga vabva kuti, “Iye aiva muuki, dhiyahbore.” Iye akavaudza kuti izvozvo vaizozviregererwa. Asi kana Mweya Mutsvene uchinge wauya, kuzviita, hazvaizoregererwa, kutaura uchipesana naWo.

²¹³ Saka, asi iye akati, “Ndinoona kuti Muri muporofita. Uye isu tinoziva (isu maSamaria, tinoziva Shoko), tinoziva kuti kana Mesia achinge auya, Uyo anonzi Kristu, Iye achatitaurira zvinhu zvose izvi.” Munooona, iye aiziva kuti ichocho chaiva chiratidzo chaMesia.

Uye Iye ndokuti, “Ndini Iye ari kutaura kwauri.”

²¹⁴ Uye iye ndokusiya chirongo chake chemvura, akamhanyira muguta, uye achiti, “Huyai, muone Murume Uyo andiudza zvinhu zvandakaita. Handiye Mesia wacho here?”

²¹⁵ Zvino, kana ichocho chaiva chiratidzo chaMesia ipapo, chinozova chiratidzo chaMesia zvino, kana Mesia ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Kana Mweya uyu waka . . .

²¹⁶ Uri kuziva, kuti pane chimwe chinhu chiri kuitika, hausi here? Zvino ingoita kuti unganano izive. Manzwiwo chaiwo anotapira, akazvinipisa anga aripo, ari pauri. Handizvo here? [Mudzimai anoti, “Ndizvozvo chaizvo.”—Mupepeti] Simudza ruoko rwako. Kutapira chaiko, kwakaninipa. Ndiri kutarisa Chiedza chiri pakati pangu nemudzimai. Zvino chava kufamba chichienda.

²¹⁷ Mudzimai anorwara neTB. [Mudzimai anoti, “Ndizvozvo chaizvo.”—Mupepeti] Uye achangobva kuchipatara cheTB. [“Oo, oo, oo!”] Ichocho ichokwadi. [“Ndizvozvo.”] Pane mumwe munhuzve. Ndeuyu mukomana uyu pano. Mirai zvisioma.

Mweya mumwe chete uri paari. Zvakanaka, iyeye muzukuru wenyu. ["Hongu, ndiye. Ndizvo."] Ndizvozvo chaizvo. Iye ane chirwere chesainasi. Anewo nyama yakakuvara pabapu rake. Ichocho ichokwadi. ["Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo."] Ndizvozvo, handizvo here? ["Ndizvozvo. Ndizvo zvazviri. Vanachiremba vakati anazvo."] Chokwadi. Zvakanaka. Mai Harris, ndiro zita renyu. ["Ndiro zita rangu!"] Imi nemuzukuru wenyu endai kumba, matambudziko enyu apera. Jesu Kristu akuitai kuti. . . ? . . .

218 Munotenda Ishe Jesu here iye zvino? Munoono, iroro iBhaibheri, ndiwo Mweya waMwari uchiita zvimwe chete zero, nhasi, nekusingaperi. Zvino munotenda nemwoyo wenyu wose here? Izvozvo zvinofanira kuzvipedza.

219 Zvino kana ndikasataura shoko rimwe, ndongoturika maoko angu pamuri apo Chizoro zvachiri pano, munozotenda here? Chiendai zvino, uye mupodzwe, nemuZita raJesu Kristu.

220 Huyai, hanzvadzi. Muri kuda kukunda dambudziko renyu remudumbu here? Ingonanga, muchitenda Mwari, uye moti, "Zvapera," motenda nemwoyo wenyu wose.

221 Kana ndikaturika maoko angu pauri, unotenda here kuti Mwari anokupodza? NemuZita raJesu, podzwa. Ndiwo maonero aunofanira kuuya uri maari. Iye akapodzwa. Ndizvozvo chaizvo. Ndiwo maonero acho. Zvino, rangarirai, Mweya Mutsvene uri pano.

222 Hepano panouya mukomana mudiki akanaka kwazvo. Uri mudiki kwazvo, mudiwa, zvokusagona, kuti uve nekutenda. Asi tarisa kuno kwekanguvana, kuna Hama Branham. Zvakanaka. Dambudziko rako remoyo rapera zvino. Unogona kuenda hako kumba uye unopora. Amen. Jesu akupodza.

223 Ngatiti, "Tinotenda Ishe," nekuda kwemukomana mudiki uyo.

224 Wanga uchihuta-huta zvinotyisa, wanga usingadaro here? Kuri kuzokusiya iye zvino. Ingonanga kumba, uchiti, "Ndinotenda, Ishe," uye upodzwe.

225 Huyai. Zvakanaka, chirwere cheshuga icho chekare, dai taigona kungochibvisa! Unotenda nemoyo wako wose here? NemuZita raJesu, dai chasiya mudzimai uye chorega kumutambudza zvekare. Amen.

226 Huyai zvino. Mudzimai uyu anga ane chinhu chimwe chete, chirwere cheshuga, zvekare. Tenda nemwoyo wako wose zvino apo paunenge uchipfuura, uye upodzwe, nemuZita raIshe Jesu.

Munotenda here, munhu wese zvino? Ivai nekutenda muna Mwari!

227 Huyai, hanzvadzi yangu. NemuZita raJesu Kristu, podzwai. Ivai nekutenda, musapokane.

228 Huyai, hama inodikanwa. Ini ndinotenda chaizvo kuti mapodzwa apo pamaiva makagara zasi uko chaiko, saka munokwanisa kungoenda mberi! . . . ? . . . Mwari vakuropafadzei zvino. Zvakanaka.

229 Huyai, hanzvadzi inodikanwa. Ivai nekutenda muna Mwari! Ndizvozvo. Ndizvozvo. NemuZita raJesu Kristu, podzwai. Amen. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Endererai mberi, muchifara pamwe nekutenda. Oo, ndiwo maonero aunofanira kuuya uri maari.

230 Zvino ivai nekuremekedza kwazvo, munhu wese garai pazvigaro zvenyu iye zvino. Ivai nekuremekedza kwazvo, Mweya Mutsvene uri pano. Nekungoda kwekuti Iwo haungotauri zvakananda kwavari; dzimwe nguva unongotaura zvinhu. Ndiri kungoedza kutaura kuti . . . Uye kana ndichinge ndazviona zvichiuya nekukurumidza, ndinozvitaure ndobva ndaenderera mberi. Maona? Dzimwe nguva ndinogona kubuda kubva mazviri kwemaminitsi mashoma, uye ipapo ndoenderera mberi. Asi Mweya Mutsvene uri pano, Achiri kuziva zvinhu zvose.

231 Unozvitenda izvozvo here, mudzimai? Huya kuno zvishoma. Ndine chokwadi chekuti, iwe uri muSpanish, uye ini ndiri muIrish, hatizivane. [Mudzimai anoti, “Kwete.”—Mupepeti] Aka ndiko kekutanga kedu kusangana. Unotenda Jesu Kristu, Uyu wandinotaura nezvake, kuti Mwanakomana waMwari wechokwadi here? Unotenda kuti ndinoMumiririra here? Unotenda kuti Akandituma kuti ndikubatsire here? [“Hongu.”] Kana ndikakuudza kuti dambudziko rako nderipi, unoMutenda here? Dambudziko rako riri mumusana wako. Une dambudziko remusana. Zvekare, murume wako ane dambudziko remusana. Iye ane dambudziko negumbo rake. Une musikana ane dambudziko remutsipa. Zvakakonzerwa netsaona yemotokari. Ndizvozvo. [“Oo, maita heNyu, Ishe!”] Enda kumba, mose muchaita zvakanaka.

232 Ivai nekutenda. Musapokane. Zvino izvozvo zvinopedza simba uye zvinoita chimwe chinhu. Ingovai nekutenda zvino, zvitendei.

MuZita raJesu, ndinonamatira mudzimai. Amen.

233 Huyai zvino. Huyai, changamire. Musapokane zvino. Manga muchihuta-huta zvinotyisa uye nekusagadzikana, uye zvichikuitai kuti muve nemaronda mudumbu menyu, uye achikurwadzai. Asi endai kumba zvino, muchaenda kunopora uye moita zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Ivai nekutenda zvino. Tendai nemwoyo wenyu wose.

234 Zvakanaka, tinokwanisa kuona kuti chii chakakanganisika pamwana mucheche, akapfeka pano masimbi ake emumakumbo anomutsigira. Muchatenda muchitira iye here, hanzvadzi, zvino, [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ndinodaro.”—Mupepeti], kuti

Mwari vachatendera musikana mudiki uyo kuti ararame, uye okura kuva mudzimai wechidiki akanaka asina masimbi aya?

²³⁵ Baba veKudenga vanodikanwa, dai ndaigona kupodza mwana uyu uye ndobvisa masimbi aya kubva paari, ndaizozviita. Asi ndinoisa ruoko rwangu pamusoro pemwana mucheche mudiki uyu anodikanwa, asina kana nzira yekuzvitendera pachake. Ndinopomera chinhanu chekuremara ichi. NemuZita raJesu Kristu, dai mucheche uyu afamba pamwe nokurarama. Semazvirokwazvo ekungomira kwandakaita pano. [Hanzvadzi inoti, “Apodzwa.”—Mupepeti] Chokwadi. Hongu. Munozvitenda, hamudaro here? [“Ndinodaro.”] Vangani vanozvitenda? Iye achaenda, uye mwana mucheche achabvisa masimbi, uye achafamba. Zvakanaka, ivai nekutenda.

²³⁶ Mudumbu munohuta-huta. Uye, oo, ini zvangu! Unotenda here? Zvino chienda hako mberi, unodya nekuva nenguva yakanaka, uye kutenda kwako kwakuporesa.

Ivai nekutenda zvino, munhu wese, ivai nekutenda muna Mwari! Huya, hanzvadzi inodikanwa. Unotenda nemwoyo wako wese here?

²³⁷ O Ishe, ndinonamata kuti Imi mumupodze. Iye anofanira kuwana simba reNyu rekupodza, kana kuti anofa. Uye ndinonamata kuti Imi mugomupodza. Zviitei. Zviitei.

²³⁸ Zvakanaka, hanzvadzi. Regai ndikuratidzei chimwe chinhu. Pane vanhu vakawanda vari uko muungano ino, vari kutambudzika nechinhu chimwe chete sezvamuri. Munoono, regai ndikuratidzei chimwe chinhu. Mune moyo unohuta-huta. Regai ndikuratidzei kunze uko. Vose vanotambudzwa netsinga dzemanzwiwo (simudzai maoko enyu) uye nemoyo, simudzai maoko enyu. Tarisai kwavari, munoono. Ko ndaizoshevedza mumwe nemumwe wavo sei? Maona? Handaimbogona kuzviita. Asi ndinokwanisa kunzwa kubatana kuye kukuru; muvengi achiedza kukubatai, uye achidanira kunze uko kuti awane tsitsi. Iye ari kuzoregedza pakubata kwake kwese-kwese. Ndizvozvo chaizvo. Saka, munotenda here kuti iye acharegedza, kuti iye akundikana pamuri iye zvino? [Hanzvadzi inodanidzira, “Hongu.”—Mupepeti] Mave kunzwa zvakasiyana, hamusi here? Muchangopodzwa izvozvi. Chiendai nenzira yenyu, muchifara, muti, “Maita heNyu.”

²³⁹ Huya, mudzimai wechidiki, tenda nemwoyo wako wose uye upodzwe. NemuZita raJesu, dai hanzvadzi yedu ikapodzwa.

²⁴⁰ Mwari, varopafadze mukomana mudiki uyu manheru ano. Oo, ini zvangu! Unotenda here kuti Jesu achakupodza? Zvakanaka. MuZita raJesu! Mwari vakuropafadze.

²⁴¹ Zvakanaka. Huyai zvino, uye tendai, hama. Huyai, hama yangu, muasha. Huyai, imi, muwane maropafadzo aShe. Ndinoisa maoko angu pamusoro pehama yangu, muZita raJesu. Dai iye apodzwa. Zviitei.

242 Munhu wose ari kutenda here? Ivai nekutenda. Regai kupokana. Ingotendai zvino. Nekuda kwekuti hatimire pane munhu wese, izvozvo hazvireve... Ndinongoudza... Ndinozviona, asi handingodi kuti chiratidzo chizo... Ndechimwe chinhu chinoita sekubatana mauri apo paunotaura kuvanhu. Munoziva zvandiri kureva? Chinobatana, uye ipapo unenge... Ndizvozvo, munoona, unenge... Zvinokuita kuti upere simba.

243 Mirai zvishoma, chimwe chinhu chaitika muungano. Kana ukangotenda, hauzova nekuvhiiwa kwedundira iroro. Wabata mupendero wenguwo yaKe, hanzvadzi. Abatei? Ndiudzei kuti abatei. Hazvikwanisiki zvachose kuti iye andibate kubva ikoko. Asi iye angoita... Zvino regai ndikuudzei chimwe chinhu. Iye anga akagara apo chaipo zvino, achinamata, “Mwari, itai kuti vandishevedze.” Kana zviri izvo, kana uri iwo munamato wako... Hezvoka izvo, munoona. Ndizvozvo chaizvo. Iwe itawo zvimwe chete, uye uone kana zvisiri izvo. Ingoita zvimwe chete. Zvakanaka.

244 Hatizivane mumwe nemumwe. Ini handikuzivei, uye imi hamundizive. Mwari vanotiziva tose tiri vaviri. Apo Chizoro chiri pano, tichazongoona kuti idambudziko ripi. Chinhu chekutanga, munonetswa nemeso enyu, musoro wenyu. Mune bundu paruoko rwenyu rwekuruboshwe nepachiningoningo. [Mudzimai anoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Ndizvozvo. Unotenda here? [“Hongu.”] Unobva kune imwe nzvimbo inonzi Sunnyvale. [“Ndizvozvo.”] Mai White. [“Hongu.”] Endai kumba, muchifara, uye mugopora. Zvakanaka.

245 Ivai nekutenda muna Mwari, ingotendai zvino, munhu wese. Huyai kuno zvino uye muve... Muri kutenda here? Munhu wese ari kunamata here? Oo, rambai muri pamberi paMwari, muchinamata!

Huyai, hama. MuZita raJesus, podzwai.

246 Huyai, hanzvadzi inodikanwa. Huyai, muchitenda nezvose zviri mamuri. O Ishe, muZita raJesus, podzai hanzvadzi yangu. Amen.

247 Huyai, hanzvadzi inodikanwa, tendai izvo zviri kungoitwa naMwari, Hupo hwaKe. Muri kupfuura nepasi pemuchinjikwa zvino. NemuZita raJesus, dai akapodzwa.

248 Huyai, hanzvadzi, muchipfuura nepasi pemuchinjikwa, muchitenda nemwoyo wenyu wose. Dambudziko remusana richabva, uye munokwanisa kuenda kumba uye mopora. Zvakanaka. NemuZita raJesusu Kristu!

249 Huyai, hanzvadzi inodikanwa. O Ishe, ndinonamata, apo paari kupfuura, kuti Imi mumupodze. Amen.

250 Huyai, hanzvadzi. Tendai zvino. Vashumiri, namatai. Munhu wese namata. Huyai. MuZita raJesus, dai akapodzwa. Amen.

251 Huyai zvino, tendai nemwoyo wenyu wose. Hanzvadzi inonzwisa tsitsi, ari muchinhano chakaipisisa. Munotenda here kuti Mwari vanoziva chakakanganisika pamuri? Munotenda here kuti Iye anokwanisa kundiudza? Saka dambudziko rechirwere chemadzimai rapera. Enda kumba uye upore.

252 Huyai, muchitenda. Zvakanaka, hanzvadzi inodikanwa, huyai. Munotenda nemwoyo wenyu wose here? Munofunga kuti mapodzwa here nguva shoma yapfuura apo patanamatira avo vanga vane dambudziko remwoyo kunze uko? Munodaro here? Endererai mberi, mupodzwe, uye muzvitende nemwoyo wenyu wose.

253 Ngatitii, “Ishe ngaVarumbidzwe,” munhu wese. Ivai nekutenda muna Mwari.

254 Huya, hama yangu. NemuZita raIshe Jesu, dai akapodzwa. Ameni.

255 Hazvishamise here? Ko Iye haashamise here? Ndicho chikonzero Iye akanzi “Gurukota, Muchinda weRugare, Mwari Samasimba, Baba Vekusingaperi”!

256 Namatirai vadikanwa venyu. Ingonamatai (kwete kuzviitira imi pachenyu) kuitira vadikanwa venyu kwekanguva. Namatira mumwe munhu.

257 Mudzimai, unotenda here? Unotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundiudza zvawakamirira ipapo? Ndiri kuona kuti une...Oo, uri mumwe wevashandi? Handikuzive. Ndi—ndinodaira kuti handina kumbobvira ndakuona zvingadarika kukuona mukati umo muungano. Ndizvozvo here? Kuitira kuti unganho izive. Ndizvozvo. Unotenda here kuti Kristu anokwanisa kundizarurira zviri dambudziko rako? [Mudzimai anoti, “Ameni.”—Mupepeti] Uye kana Akadaro, ipapo... Hongu, nekuda kwekuti iye ane chibheji icho, mumwe munhu agona kunge ari muno achiti, “Zvakanaka, chokwadi, iye mushandi, anga achimuziva.” Handisati ndakambosangana newe muhupenyu hwangu, hapana chandinoziva. Asi kana ndikakuudza kuti dambudziko rako riri papi, uye nechimwe chinhu, unoziva kuti chinofanira kuva chimwe chinhu chisiri inini chinenge chichizviita. Ndizvozvo here? [“Ndizvozvo.”] Hausi pano wakazvimiririra pachako. [“Kwete.”] Uri pano kuitira mwanakomana wako. Ndizvozvo chaizvo. Uye ane chimwe chinhu chakakanganisika nenyama dzake. Zvinoita sekunge kuora kwenyama. Zvakamukonzera kuti apinde mune chimwe chinhanho, meso ake akapesana, nezvimwe zvose, anohuta-huta kwazvo. Zita rake anonzi Donald. [“Hongu!”] Endai kumba, uye motenda, regai apore. Tora hengechepfu iyo...?...

258 Ivai nekutenda muna Mwari. Musapokane. Mungauyawo here, hanzvadzi. Huyai, muchitenda. Zvino ngatinamatei,

munhu wese ave mumunamoto. Huyai, hanzvadzi. Mwari, nemuZita raJesu Kristu, dai hanzvadzi yangu yapodzwa.

²⁵⁹ Huyai zvino, hanzvadzi inodikanwa. Ndizvozvo, huyai pano. O Ishe, apo paari kupfuura nepasi pemuchinjikwa waKristu, dai Ropa rabata mutumbi wake.

²⁶⁰ Huyai, hanzvadzi yangu inodikanwa, tendai kuitira mudiki uyu. Uye, Ishe, apo pavari kupfuura nepasi pemuchinjikwa, ndinoisa maoko angu pavari uye ndichikumbira kupodzwa kwavo, muZita raJesu.

²⁶¹ Huyai, hama yangu, pfuurai nepasi pemuchinjikwa, muchitenda nemwoyo wenyu wose. Munogona kuwana chamuri kukumbira. NemuZita raJesu Kristu, dai apodzwa. Amenii.

²⁶² Huya, hama, saizvozvo, enda nepasi chaipo pemuchinjikwa, uchitenda. NemuZita raJesu Kristu, zviitei. Ndizvozvo chaizvo.

²⁶³ Huya, hanzvadzi yangu. Iva nekutenda muna Mwari. Usapokane. Tenda. NemuZita raJesu Kristu, ndinokumbira kuti chikumbiro chake achipihwe. Amenii.

²⁶⁴ Namatai, hama. Munhu wese namata, kwese-kwese. Zvakanaka. NemuZita raJesu Kristu, dai hanzvadzi yangu yapodzwa.

²⁶⁵ Huya, hanzvadzi. NemuZita raJesu Kristu, dai akapodzwa. Amenii. Huya, chero ani zvake ari kunamata, mumwe murume kune uko, ramba uchinamata.

NemuZita raJesu Kristu, dai mudzimai akapodzwa. Ivai nekutenda muna Mwari.

Huya, hanzvadzi. Tenda zvino, nemwoyo wako wose. NemuZita raJesu, dai wapodzwa.

Huya, hama yangu. Unotenda here? Murume mukuru kwazvo, akasimba, asi zvakadaro, une dambudziko remudumbu. Tenda nemwoyo wako wose, uye woenda kumba, wopora nemuZita raIshe Jesu. Zvakanaka, changamire.

Unotenda here, hanzvadzi duku? Zvakanaka, huya kwandiri pano. NemuZita raIshe Jesu dai chikumbiro chake achipihwa.

Tenda, hama yangu, nezvese zviri mauri. NemuZita raJesu Kristu, dai chikumbiro chako wachipihwa. Usapokane; enda hako mberi, unokwanisa kuona. . . ? . . . Huya.

Mwari vakuropafadzei. Ndatenda changamire. . . ? . . . Zvose zvakanaka, ndizvozvo here?

Unotenda nemwoyo wako wose here? Mwari vakuropafadze, murume wechidiki. MuZita raJesu dai wapodzwa.

Huya, hanzvadzi. Uku ndiko here kupera kwemakadhi ekunamatirwa? Makadhi ose ekunamatirwa apera here? Wakadhi? Unonditenda kuti ndiri muranda waKe here? Unodaro. Unotenda here zvino kuti Iye anokwanisa kundiudza zvose nezvedambudziko rako? Zvakanaka. Zvino, ndinotenda kuti

wabva kungotaura kuti iwe uchangobuda kubva muchipatara. Chimwe chezvinhu zvakakanganisika newe, une hudyu yakaremara, une dambudziko muhudyu yako. Asi chiiitiko chako chekuchipatara chaiva chekuvhiiwa kwemadzimai; hakusati kwapora nazvino. Ndizvozvo, hazvisi izvo? Uye zita rako ndiMai Potts. Iwe enda kumba uye upore zvino. . . ? . . .

²⁶⁶ Unotenda nemwoyo wako wose here? Iva nekutenda. Murume uyo akagara kumashure chaiko uko ndiye wandiri kungoramba ndichiona. Ari kunamata. . . Iye akapfeka shati chena, yakavhurika pakora, ari kunamatira shamwari yake igere uko kubva paari ine dambudziko rechinhano chepfungwa. Munotenda here, changamire? Simukai netsoka dzenyu muzvigamuchire. Turikai maoko enyu pamusoro peshamwari yenyu ari apo. Hezvoka izvo. Mwari vakuropafadzei. Enda kumba upore, mwanakomana. Jesu Kristu akupodza. Hareruya. Anga achinamatira shamwari yake. Ndizvo zvinoita kuti zviite. Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari ndiye anoita zvinhu izvi, anokupodzai. Munozvitenda here izvozvo?

Hepano pane mudzimai akagara pano apa chaipo aine chimwe chinhu chidiki chichena chakachinjika mumusoro wake, akagara pedyo chaipo nemusikana ane chinhu chinoratidzika kuva neruvara rwebhuruu chiri muvhudzi rake. Mudzimai uyu ari kunamatira murume wake. Ndizvozvo. Aiva ane kenza, uye uri kutya kuti iri kudzoka paari zvekare. Ndizvozvo, handizvo here? Zvakanaka. Unotenda here? Saka simuka netsoka dzako zvino, Zvigamuchire. NemuZita raJesu Kristu, dai yamusiya.

²⁶⁷ Namatira mumwe munhu. Namatira shamwari. Namatira mumwe munhu. Apa, kumashure-shure chaiko uko, ndiri kuona murume akagara kumashure kwemudzimai uyu apa, kumashure-shure chaiko, akagara umo, wacho wechipiri akagara imomo, ari kunamatira mudzimai wake. Anohuta-huta. Munotenda here, changamire? Zvakanaka, simukai netsoka dzenyu mugamuchire kupodzwa uku, uye tendai nemwoyo wenyu wose. Endai kumba munomuwana achipora. Mwari vakuropafadzei, hama yangu inodikanwa. Tendai nezvose zviri mamuri.

Aripo mumwe munhu here anotenda? Ivai nekutenda muna Mwari. Pano apa, musikana mudiki wekare asimudza ruoko rwake pano apa chaipo. Hecho Chiedza chakaremba pamusoro pake. Oo, iye ari. . . Hepano pane uyu mudiki. . . Pane vaviri vavo. Mudzimai mudiki asimudza ruoko rwake. Mudzimai mudiki akagara pedyo naye, zvinoita sekunge Chiedza chakaremba pamusoro pemudzimai mudiki akapfeka dhirezi rine ruvara rwebhuruu. Uri kunamatira mumwe munhu: muzukuru, ane dambudziko remoyo, anohuta-huta. Ndizvozvo, handiti? Iye haasi pano. Ari muLos Angeles. Uyo munin'ina wako, ndokusaka pane kubatana kuri pedyo nepedyo. Iye ari kunamatawo zvekare, asi achiitira shamwari.

Iye ari kunamatira kutendeuka kweshamwari iyi. Shamwari iyi muKatorike, uye iye ari kunamatira mukomana uyu. Ndizvozvo. Mose muri vaviri muri mukoma nemunin'ina. Kana ichocho chiri chokwadi, simukai netsoka dzenyu. Mwari vakuropafadzei. Handikuzivei, handina kumbokuonai zvachose muhupenyu hwangu. Pane chimwe chinhu chinoshamisa pamusoro penyu kunyangwe. Zvichida makanga muri kune imwe nzvimbo, kana kuti—kana kuti munoziva mumwe munhu anobva kune imwe nzvimbo uko kwandakambenge ndiri. Ndiri kuona nzvimbo inoratidzika sekunge yandisingazive. Iyo haisi—iyo haitombori. . .IGermany. Muri vekuGermany here? Ndizvozvo. Ndizvo zvamuri. Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka, kutenda kwenyu kwakupai chikumbiro chenyu. Endai kumba. Muchazviwana nenzira yamazvitenda nayo. Hareruya.

²⁶⁸ Ndinokupikisai, nemuZita raJesu Kristu, kuti muZvitende kuti ndezvechokwadi. Ndinopik. . .Sei. . .Pane mutadzi here pano anoda kuuya kuno uye omira tisati taenda mberi nemutsara wekupodzwa? Shamwari mutadzi, iwe wakadzokera kumashure, unoda here kuti uzive Ishe Jesu seMuponesi wako dungamunhu? Huya pano kwechinguvana apo ogani inenge ichirira rwiyo rwuduku rwakanaka rwekudanira paartari. Huya pano. Mweya Mutsvene unoziva kuti iwe ndiwe ani. Kana uchida Kristu iye zvino muhupenyu hwako, ungauye kuno here panguva iyo ino uye womira pano paartari? Iyi inozova nguva yekupedzisira yandingazofa ndakakwana yekuti ndinamate newe mumazuva ose ehupenyu hwedu. Uno ndiwo mukana wako. Mwari vakuropafadze, muchinda wechidiki.

Ungauyewo here? Mumwewo munhu? Murume uyu ari kuuya pano. Mumwewo munhu? Huyai nekuno chaiko kuseri kwesikirini uko, uye mouya mosvika kuno kuartari zvino, apo patiri kumirira kwechinguvana. Tichamirira. Huyai kuno chaiko, changamire, uye momira pano chaipo.

Mumwewo munhu angada kuuya omira naye? Budai. Huya kuno chaiko zvino umire pano, kuitira kuti tikunamatire. Ndingafare. Ndingafare kwazvo kunamata pamwe newe. Chingouya. Ndizvo zvoga zvatinokukumbira kuti uite.

Mwari vakuropafadzei, changamire, mirai ipo pano chaipo. Pane mumwe here?

²⁶⁹ Pane tsime rakazara neRopa rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri, umo vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashama vanosiya ose madzvinga avo emhosva. Ko Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose here? Mwari vari muShoko raVo here? Mwari vari muMwanakomana waVo here? Zvino, Mwari vari muvanhu vaVo here? Zvakanaka, saka Mwari vari ipo pano chaipo. Vanoda kupinda mauri. Haungauye here?

Pane tsime rizere neropa,
Rakabviswa. . .? . . .

Vanosiya ose madzvanga avo emhosva.

Ungauyewo here iye zvino, iwe unoda Kristu? Hatina basa kuti uri wechечи ipi, kana kuti ndeipi yaunoenda kwairi, kana kuti ndeipi yauchaenda kwairi. Huya. Ndzizvozvo chaizvo. Fambai muchiuya kuno chaiko makapoterredza artari zvino. Imi musina Mweya Mutsvene, hamungada kuuya here? Huyai iye zvino apo patiri kuimba. Huyai.

Uye vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashama,
Vanosiya ose . . .

Mwari vakuropafadze, mudiwa. Ndina Sara mudiki kumba angada kuenzana newe pazera. Mazviona here izvo, amai?

Vanosiya ose madzvanga avo emhosva.

Mwari vakuropafadze, hanzvadzi. Wagutsikana here kuti Kristu ari muvanhu vaKe? Huya kuno mberi zvino, haungadaro here? Buda kunze chaiko. Huya nechekuno uku.

Uye vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashama,
Vanosiya ose madzvanga avo emhosva.
Mbavha yakanga ichifa yakafara kuona
Tsime iroro muzuva rake; (Kristu apihwa
kwauro, shamwari. Ungauyewo here
kuzoMugamuchira?)

. . . dai ini, kunyangwe (Mwari vakuropafadze.
Izvozvo zvakanaka. Famba kusvika . . .)
Rinogezera chivi changu chose kure.
Rinogezera chivi changu chose kure,
Rinogezera zvivi zvangu zvose kure;
Uye ipapo dai ini, ndainge ndakaipa saye,
Rinogezera zvivi zvangu zvose kure.

²⁷⁰ Saka ndichava nechokwadi chekuti hapana maoko azere neropa pazuva rekutongwa anenge achivheyeswa kwandiri uye vachiti, “Maifanira kunge makaenderera mberi zvishoma,” ndinokumbira pamwe nekukoka munhu wose asina Kristu, asina tariro, asina Mweya Mutsvene, nemuZita raJesu Kristu, ndinokukokai kuno kuartari ino. Huyai muMugamuchire iye zvino. Asi kana ukasadaro, ipapo handizova nemhosva pazuva rekutongwa. Zvionere zvino, apo Kristu ari pakati pedu. Tiri kuzviziva izvozvo.

Mwari vari mune zvakasikwa zvaVo zvose. UnoVaona kunze uko. Mwari vari muShoko raVo. UnoVaona ipo pano. Mwari vari muMwanakomana waVo. UnoVaona vari pamuchinjikwa. Mwari vari muvanhu vaVo. Muri kuzviona pano zvichifamba, zvichishanda, zviri pano.

Zvino, ngatiuyei apo patiri kuimba kamwe chete zvekare, “Pane Tsime rizere neRopa.” Hamungauyewo here?

Pane tsime rizere neRopa, (Herino tsime. Pano pamuchinjikwa. Haungayewo here?)
 . . . tsinga dzaEmanueri,
 Uye vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashama iwaya,
 Vanosiya ose madzvanga avo emhosva. (Mwari vakuropafadze.)
 . . . ose madzvanga avo emhosva,
 Vanosiya ose madzvanga avo emhosva;
 Uye vatadzi vakanyudzwa pasi pemafashama iwaya,
 Vanosiya ose madzvanga avo emhosva.

²⁷¹ Ingorambai muchiuya. Ndizvozvo. Rambai muchifamba. Isu ticharamba takamirira. Tine nguva yakawanda yekumirira vanhu vari kutendeuka zvivi zvavo kuti vauye kuartari. Huyai kuno chaiko. Tine mufaro, tichifara, nekupa kutenda kuna Mwari kuti muri kuuya. Fambai muchiuya kuno zvino muHupo hweMweya Mutsvene, Iye Uyo ari kwese-kwese, ane masimba ose, asina magumo. Mungauye here zvino kwaAri apo Nyasha dzaKe dziri kuyerera zvakakwanira kuponesa vose, kukupai zvinhu zvose zvamunoshaiwa. Iye ari pano kukupai Mweya Mutsvene, kuponesa hupenyu hwenyu, kukupodzai kubva kune chirwere chipi zvacho, kuita chero chinhu chipi chamunoshuva. Ishe varopafadze.

²⁷² Zvino, apo ungoro iri kunamata, chinyararire, ndava kuzotaura neava vari pano. Shamwari, Chimwe chinhu chakuudzai kuti muuye kuno kuartari ino. Anga ari Iye mumwe chete anoziva mwoyo wako, Iye mumwe chete anotaura pano, Mweya Mutsvene, Mwari. Mwari ndiye Mweya Mutsvene ari muvanhu vaKe, achiyananisa nyika kwaAri.

Zvino, Akauya kuzoyananisa iwe kwaAri. Makaropafadzwa imi. Akaropafadzwa meso ayo akazaruka kuti aone Humambo hwaMwari. Pakambova nezviuru zvakawanda zvevanhu vokwenyu mberi kwenyu, mazana nemazana evabereki vevabereki venyu, vakashuvira kuona mazuva ano. Varume vakuru vakawanda mberi kwedu, varume vakuru vakawanda mberi kwenyu vakashuvira kuona nguva iyo Mweya Mutsvene waizouya muchechi uye woita zvamaona zvichiitwa masikati ano. Vakafira mukutenda, vachitenda kuti rimwe zuva vana vavo vachazozviona.

Zvino, imi mazviona masikati ano. Manzwa Shoko. Munoziva kuti ndeRechokwadi. Uye Mwari vakazarura meso enyu; minamoto yavo.

²⁷³ Hepano pane vasikana vadiki vakamira pano, amai vakamira, vakabata vasikana vadiki vaviri. Vana vadiki vachiuya kuno, vachichema. Handizive hangu kana mwana, vana, pane imwe nguva vasingazopomeri vakuru, kubva pamoyo

yavo miduku yakapfava. Havasati vaikwevera nemumhando dzose dzezvino odza mwoyo zvenyika nezvinhu. Iyo yakapfava uye inotapira. Ndakatarisa vasikana vadiki vaviri ava vakambundirwa nemudzimai, sekunge vakatarisira chimwe chinhu kuti chiitike. Chokwadi, Mwari vanotaura kune vana vaVo vadiki. Bhaibheri rakataura kudaro. “Regai vana vadiki kuti vauye kwaNdiri. Musavarambidze.”

Ndiri kuona amai vadiki pano vakabata mucheche wavo, mucheche mudiki anotapira, vakamubata mumaoko avo. Ivo vauya pano kuti vayaniswe kuna Kristu. Zvino, makaropafadzwa imi. “Hapana munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri. . .”

Murume wechidiki akabata mudzimai wechidiki, ndinodaira kudaro kuti, akamira apo akamubata. Mudzimai ari kuchema. Murume ane musoro wake wakatsikitsira pasi mukuremekedza. Munoziva here kuti ndiwo mabasa eMweya Mutsvene? Vamwe, musikana mudiki ane maziso ebhurauni akanditarisa ane makore angada kuita manomwe kana masere okuberekwa, maziso madiki ebhurauni nevhudzi rebhurauni, chiso chake chidiki chiri kubwinya zvachose. Ari kutarisira chimwe chinhu. Anogona kunge ari muSpanish.

²⁷⁴ Ndiri kuona mudzimai wechidiki akanaka kwazvo, angori pamharadzano dzehupenyu nemusoro wake wakakotamiswa mukuremekedza, maoko ake akapetwa. Ndiri kuona vamwe, vhudzi rachena, misoro yavo yakakotamiswa pasi. Ino inguva inoyera.

Rangarirai, shamwari, hatina kumbouya kuno zvachose kuti tingouya. Tauya nekuti Mwari vakudanai. Muri mikombe yemusangano uno masikati ano. Kutaura chokwadi, muri mikombe yenyasha dzaJesu Kristu, zvokuti Akakudanai kuti muyananiwe pamwe nokuzoMugamuchira masikati ano. Mwari ave nemi.

“Vakaropafadzwa avo (Maona?) vane nzara nenyota yekururama. Vachazadzwa.” Munozviwana izvozvo muZvirupafadzo. Jesu akataura kudaro.

Varume vechidiki vakamira pano, vanongova varume vechidiki, zvichida makore gumi nemasere, makumi maviri ekuberekwa, zvichida vaparidzi vamangwana, ndingazive sei? Zvichida kubva pavari pachabuda mumishinari uyo achatungidza pasi rose. Zvichida kubva pakati pavo varume vechidiki ava pachabuda zvipo zvichatendeutsira zviuru zvemweya kuna Kristu, uye iwe waivepo zuva iro apo pavakauya kuartari. Inguva inoshamisa zvakadii.

²⁷⁵ Ngatikotamisei misoro yedu zvino, apo pandiri kunamata. “Hapana munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri,” Jesu akadaro, “kunze kwekunge Baba vaNgu vamudhonza kutanga. Uye vose avo vanouya kwaNdiri, haNdizovadziringire kunze zvachose.

Huyai kwaNdiri imi mose makaneta uye makaremerwa. Ini ndichakupai zororo.”

Ishe, hevanoi ava. Ivo vauya nokuti Imi mavadaidza kuti vauye. Mweya Mutsvene uri mumoyo mavo wafamba uye ukavadana, zvino ivo vauya. Hepano vamire paartari, vachitendeuka zvivi zvavo, misoro yakakotamiswa, vachida kuzadzwa neMweya weNyu wekunaka kweNyu—kweNyu. Vazadzei, Ishe. Chenesai hupenyu hwavo. Vatumirei muminda yekukohwa, vanhu ava vakamira pano vakamirira. Kunogona kunge kungori kumba. Kunogona kunge kuri mhiri kwegungwa. Kunogona kunge kuri kune imwe nzvimbo, asi pane gohwo ragadzirira kukohwewa.

Ishe, ndinonamata kuti Muchenese munhu wavo wemukati, uye movazadza neMweya, kusvikira ivo vave midziyo yeNyu yakasarudzwa: zvichida mudzimai mudiki wemumba kuti akohwe vavakidzani, zvichida mwana mudiki kuti ataure nezvaJesu kune mumwe musikana mudiki kuchikoro, zvichida varume vechidiki kuti vatakure Evhangeri kuenda naro kuMexico, imwewo nyika yekunze kune imwe nzvimbo. Zviitei, Ishe. Mukweguru kuti ataure pakona yemugwagwa kune shamwari yake, zvichida kune imwewo nzvimbo: munhu wemufekitari kune mukuru wake webasa, kana kune avo vari mufekitari... Ndimi munoziva, Ishe. Ndinonamata kuti Muvazadze iye zvino, nekunaka netsitsi dzeNyu.

Ivo vauya; ndinoziva kuti Imi mavagamuchira, nekuti Makati, “Uyo anouya kwaNdiri, haNdizomudzingire kunze zvachose. Uyo anoNdipupura pamberi pevanhu, iyeye Ndichamupupurawo pamberi paBaba vaNgu, neNgirozi tsvene.” Naizvozvo, ivo vari pano vakamira pamberi peruzhinji kuti vareureure: ivo vaikanganisa. Vanoda kuve vakarurama. Imi vagamuchirei, Baba. Ndinonamata kuti Muvaropafadze, uye movaita vana veNyu kubva panguva ino zvichienda mberi, kuburikidza nemuZita raJesu Kristu. Amen.

²⁷⁶ Mwari vakuropafadzei, mumwe nemumwe wenyu. Gamuchirai Mweya Mutsvene. Zvino, endai makananga mukamuri umo matinogona kusangana nemi kumashure kuno, uye toturika maoko pamusoro pemumwe nemumwe wenyu, kuti tinamate. Kumashure kuno chaiko, fambai muchienda kumashure. Kune kamuri yamakagadzirirwa kumashure kuno, umo mamuchange muri munguva shoma kumashure ikoko kuitira ku—kuzadzwa kwakakwana. Pfugamai pasi; tendai Mwari nekuda kwekukuponesai. Pane maoko achaturikwa pamuri kumashure uko kuitira zvamunoshaiwa, uye pamwe neMweya Mutsvene. Mwari vakuropafadzei. Ropafadzai amai vadiki ava, vose zvavo vari kufamba vachienda vakatakura vacheche vavo vadiki, uye nababa vari kupuruzira vhudzi remucheche wavo mudiki, vachiziva kuti naiyewo anoziva kuti nerimwe zuva anokwanisa kuudza mudiki wake, takagara

mumusangano uya umo mavakauya kuna Ishe Jesu. (*Mukutapira Gare-Gare.*)

Kune nyika yakanaka kwazvo kupinda zuva,
Uye nekutenda tinokwanisa kuiona iri kure.
Nekuti Baba vakamirira munzira,
Kuti vatigadzirire nzvimbo yekugara ikoko.
Mukutapira gare-gare,
Oo, tichasangana pamahombekombe aya
akanaka.
Mukutapira gare . . .



NGATIONEI MWARI SHO59-1129
(Let Us See God)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo masikati, Mbudzi 29, 1959, paSanta Clara County Fairgrounds muSan Jose, California, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org